ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№73 (22.981) • 2015 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 17, мэрем • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

ПУТИН Владимир:

Псори тхуэзэфIэкIынущ, цIыхухэм къыдагъэза дзыхьыр дгъэпэжыныр ямэ идгъэщмэ



Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир, илъэс къэси хуэдэу, жэуап яритащ къэралым и цIыхубзр зыгъэпIейтей упщIэхэм. Мэлыжьыхьым и 16-м екIуэкIа теленэтын занщIэм и пэщIэдзэу къыхагъэщащ тхьэмахуэ хъуауэ упщIэхэр ятхыу лажьэ центрым цIыху мелуанитIрэ ныкъуэм нэблагъэм зыкъызэрыхуагъэзар.

КЪЭРАЛ унафэщIым псом хуэмыдэу къаланэ куэд и пщэ къыщыдэхуа 2014 гъэм Урысейм щIэзэфIагъэкIа Iэхэугъуэ нэхъыщхьэхэмкIэ къыщIидзащ Путин Владимир и къэпсэльэныгъэр. Абы жиIащ Кърымымрэ Севастополь къаланмрэ Урысей Федерацэм къызэрыгухьэжар, ЩIымахуэ Олимп Джэгухэр Сочэ дахэу къызэрыщызэрагъэпэщамрэ ди къэралыр абы зэрыщытекIуамрэ и гуапэу къызэрыкитэщщыр, къэрал щIыб экономикэм щIэкIэ гугъу дригъуамми, зыужьыныгъэм и Iуэгуму дызэрытетми мыхьэнэшхуэ зэриIэр.

- БлэкIа илъэсым кърикIуахэм ятепщIыхьмэ, Урысейм и ВВП-м процент 0,6-кIэ хэхъуащ, куэд хъурхъым ар, ауэ, итIани, хэхъуэ щыIэщ, - жиIащ къэрал унафэщIым. - Абы къыдэкIуэу щIыдагъэ къыщIэщыныр лъагъуэщIэ техьащ, иужьрей зэманым къэмыхъуауэ щIыдагъэ тонн мелуан 525-рэ къыщIашащ. КъищынэмыщIауэ, блэкIа илъэсым гъавэ тонн мелуани 105,3-рэ кърахьэлIэжащ. Къэбгъэлъагъуэмэ, мэкъумэш Iэнатlэм дыщIа хэхъуэр Iейкъым - проценти 3,7-рэ мэхъу. Дызыхыхьа илъэсым щыщу блэкIа мазищми диIа екъуIэныгъэхэм ущымыгуфIыкIынкIэ Iэмал иIэкъым, абыхэм ящыщу химие промышленностым къыщIигъэкIхэм проценти 4,1-кIэ, минеральнэ щыIэгъэпшэру ягъэхъэзырым проценти 4,2-кIэ зэрыхэхъуар, нэгъуэщIхэри. Пэжщ, диIэщ гугъуехьхэри, псалъэм папщIэ, хьэрычэтыщIэ Iуэху цIыкIум халъхьэ ахъшэр зэрагъэмэщIам къыхэкIыу инвестицэу халъхьар проценти 2,5-кIэ «илъэфащ». Ауэ къыхэгъэщапхъэщ совет лъэхъэнэми, абы и ужькIи, нэхъапэIуэкIи апхуэдэ къэмыкъуауэ, блэкIа илъэсым псэуп1эу метр зэбгъуэнатIэ мелуан 82-рэ къэралым зэрыщащIар, ар ди ухуакIуэхэм я екъуIэныгъэу зэрыщытыр.

Путин Владимир и пэублэ псалъэм къыхигъэща IэхэугъуэфIхэм ящыщщ демографие щытыкIэр зэрефIэкIуар: къалъхуэхэм я бжыгъэр нэхъыбэ, лIэхэр нэхъ мащIэ зэрыхъуар, Урысейм и цIыхухэри нэхъ гъащIэ кIыхь зэрыхъур, нэгъуэщIхэри.

УФ-м и Президентым япэу зэрызыхуагъэза упщIэхэр нэхъ зытеухуауэ щытар экономикэмрэ КъухьэпIэ къэралхэм къытхуагъэува санкцэхэмрэщ. УпщIэхэм жэуап щаритым Путиным къыхигъэщащ зэман гъунэгъум санкцэхэр Iуахыжьным упэплъэ зэрымыхъунур, сыт щхьэкIэжыпIэмэ, ар политикэ Iуэхущ, къыддэлажьэ языныкъуэ къэралхэм лъакъуэпэщIэдэ къызэрытхуащI Iэмалщ. Унафэщым жиIащ иджы ар Украинэм къыщыхъухэм зэремыIытыгат, сыту жыпIэмэ, иджыпсту Минск зэгурыIуэныгъэхэр зэрагъэзащIэр. «Дэ абы къигъэуз псори зэрыдгъэзащIэным я ужь дитщ, ауэ Киев и унафэщIхэр абы хэзэпIащIэркъым, санкцэхэр къытхуагъэувыкри аращ къызыхэкIыр», - жиIащ Путиным.

Абы жиIащ псори санкцэхэм, абыхэм зыгуэрхэр елъытами, ятеплъхьэу ущыс зэрымыхъунур, атIэ ди экономикэр зыужьныныгъэм и IэмалыщIэхэм хэзгъэкIуэным иужь зэритыпхъэр.

- Дэ къыхэдгъэщащ уасэхэм зэрыхэхъуэр, улахуэр зэрымащIэр, нэгъуэщIхэри. Сыт ахэр зэпхар? ГурыIуэгъуэщI ар сомым къыщIэкIыр зэрехуэхым къызэришэр, ар щIыдагъэм и уасэм зэрепхыжар, - кIыпIэ щащ адэкIэ Путиным. - КъыжьыIапхъэщ санкцэхэр мыхъуами, ди экономикэ политикэр нэхъ купщIафIэ хъун щхьэкIэ абы зэхъуэкIыныгъэ гъэрхэр хэтлъхьэн хуейуэ зэрыщытар. Ар тхуэзэфIэкIащ дэ. НэгъуэщIу жыпIэмэ, экономикэр нэхъ узыншэ къэтщIыжри, адэкIэ зиужьын папщIи лъабжьэ хуэздгъэпэщащ. Абы ипкъ иткIэ, пэжщ, санкцэхэми гугъуехь гъэрхэр къытхуахьащ, ауэ аракъым нэхъыщхьэр.

Илъэс пщIы бжыгъэ хъуауэ санкцэхэм хэмыкI Тегераным и махуэр къытхуэкIуэнкIэ шынагъуэ щыIэрэ щымыIэрэ журналистхэр щыщIэупщIэм къэралым и Унафэщым жиIащ Урысейр Ираным нэхърэ куэдкIэ зэрынэхъ иныр, и экономикэр зэрынэхъ бейр, ди щIыуэпс къыгуэфIыгъуэхэр Iэрыхуэу къызэрыдгъэсэбэпыр. Санкцэхэм гугъуехьэр дагъэшэчкъым Путин Владимир къызэриIытэр, атIэ абы къэралыр зригъэува щытыкIэр зэкIэгъэсэбэну, зыужьыныгъэщIэм хуэзгъэныкIэ шэсыпIэу аращ. Къэтщтэнщ нэгъуэщI къэралхэм кърашхэр ди хэкум къыщыщIагъэкIхэмкIэ зэхъуэкIныр. Абы экономикэм и унэтIныгъэ зыкъомым лъэщу зригъэужьынущ.

УФ-м и Президентым игъэделджылащ Урысейр зэрыхуа щытыкIэ гугъур иугъэсIыным нэблагъэкIэ игъэзэкIуэжыфIыну зэрыхуигъэфащэр, ар унэтIныгъэ куэдым зэрепытар. «А гугъуехьэхэм зэрапэлъэщым къарурэ Iэмалрэ къэралым иIэ?» - упщIэр къыщратым, Путиным жиIащ Iэмал дызэрикуэдыр - псом нэхърэ нэхъыщхьэращи, цIыху акъылыфIэхэр, зэфIэкI зыбгъэдэлъхэр, лжэныу хуейкэр дызэримымащIэр. Абы къыдэкIуэу Президентыр, Правительствэр, Банк нэхъыщхьэр, хэгъуэгухэм я Iэтащхьэхэр зэкъуэту, яхэщIышхуэ щымыIэу лъэхъэнэ гугъум къикIыфыныр зэрынэхъыщхьэр игъэбелджылащ. Абы къыдэкIуэри, хэкум и фейдэ хэлъу щытыкIэр къэгъэсэбэныным къыхуриджащ.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

№73 (22.981) • 2015 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 17, мэрем • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Урысейм и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм щыIэ Меликов Сергей лэжьыгъэ Iуэхукlэ Налшык къэкIуащ

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий дыгъуасэ щыIущIам ахэр тепсэлъыхьащ республикэм и социально-экономикэ зыужьныныгъэм, цIыхухэм я шынагъуэншагъэр къыззгъэпэща зэрыхъум. Iэщэкlэ зэщIэузэда щIэпхьаджащIэ гупым щыщыр лъэныкъуэ егъэзыным хуэунэтIауэ дыгъуасэ жэщым Налшык щекIуэкIа операцэ хэхам кърикIуахэм.

А МАХУЭ дыдэм полномочнэ лIыкIуэм зэIущIэ зыубгъуа ядригъэкIуэкIащ КъБР-м и унафэщIхэм. Меликов Сергей къыхигъэщащ промышленностымрэ мэкъумэш хозяйствэмрэ къыщыщIагъэкIхэм хэгъэхъуэным, Iэщащхьэмахуэ лъапэ турист кластерым нэхъри зыщегъэужьыным республикэм зэрыщегугъум IуэхугъуэфIхэр къызэрырикIуэр.

Нобэ щIыналъэм гулъытэшхуэ зыщыхуащIхэм ящыщщ экологиер, шынагъуэ къззыт Iуэхущ1апIэ зыбжанэ цIыхухэр щыпсэу жылэхэм дахьныр, жиIащ Меликовым.

- Республикэм и унафэщIхэмрэ хабзэхъумэхэмрэ цIыхубзр къакъуэту зрагъэхъуIащ щIыналъэм щытыкIэ зэпIэзэрыт щыIэныр къызэзыгъэпэщ Iуэхуэр. Нобэкlэ Къэбардей-Балъкъэрым зэхъуэкIныгъэфIхэр къызэрыщыхъур нэрылъагъущ, - къыхигъэщхьэхукIащ полномочнэ лIыкIуэм.

ТекIуэныгъэ Иным и махуэшхуэм и пэ къихуэу, къэралым щыпсэу псори, Къэбардей-Балъкъэрым и цIыхухэри къызэщIелъэтэ хэкупсэ гурыщIэшхуэм, къыхигъэщащ Меликов Сергей. Налшык, илъэситху ипэкIэ «Дэ щыхьым и къалэ» цIэр зыхуагъэфэщам, КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий и жэрдэмкIэ щаугъуащ зауэ зэманым республикэм и цIыхухэм къагъэлъэгуа лIыхъужьхэм и дамыгъэ фэеплъ. Кьалэн нэхъыщхьэхэм ящыщу Меликов Сергей кьигъэлъэгъуащ ди ТекIуэныгъэм теухуа пэжыр щIэблэм ящIэным хуэунэтIа лэжьыгъэшхуэ егъэкIуэкIым зэрыхуейр.

Урысейм и Президентым и Администрацэм и унафэщI Иванов Сергей и пщэ къызэрырильхьам ипкъ иткIэ, полномочнэ лIыкIуэм щIыхь тхылъыр иритыжащ УФ-м и Президентым и жылагъуэ егъэблагъэпIэу КъБР-м щыIэм и лэжьакIуэ Щербинин Н. Ф. Ар абы хуагъэфэщащ «цIыхухэм яIущIэным хуэгъэза и кьалэнхэр хьэлэлу зэригъэзащIэм, абыхэм я хуитыныгъэхэмрэ я сэбэп зыхэлъхэмрэ тэмэму къызэрызэригъэпэщым папщIэ».

ФIыщIэ псалъэ хэхахэр хуэгъэзауэ щытащ федеральнэ инспектор нэхъыщхьэу КъБР-м и илъэситхум щIигъуауэ щыIэ, мы гъэм и гъатхэпэм и 30-м къыщыщIэдзауэ пенсэ кIуа Вербицкий Алексей. Ар КъБР-м къагъэкIуэным и пэ къыхуэу щытащ Кавказ Ищхъэрэ дзэ округым щыIэ дзэхэм я командующэм и къуэдзэу. Абы хуагъэфэщащ «СССР-м Iэщэкlэ ЗэщIэузэда и Къарухэм хэту Хэкум къулыкъу зэрыхуищIэм папщIэ» орденым и III нагъыщэр, Лыгъэм и орденыр, «Дзэ къулыкъум щиIэ зэфIэкIхэм папщIэ» орденыр, «ИлъэС 30 хьауэ дагъэнэщэу къулыкъу зэрищIэм папщIэ» медалыгъэр.

Меликов Сергей Вербицкий Алексей иритыжащ УФ-м и Президентым и Администрацэм и фIыщIэ тхылъыр. КIуэкIуэ Юрий къыщыпсалъэм къыхигъэщащ Вербицкий Алексей лэжьыгъэ и пIалъэ зэрищIэр Къэбардей-Балъкъэрым иджыри сэбэп къызэрыхуэхъунум щэч къызэрытримыхьэр. Республикэм зэрыщылажьам и фэеплъу икIи фIыщIэ хуащIу абы ираташ Iуащхьэмахуэ и теплъэ уардэр къызэрыщ сурэтыр.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэ.

НыбжьыщIэхэм хабзэншагъэхэр ямылэжьын папщIэ

КIуэкIуэ Юрий иригъэкIуэкIащ хабзэр хъумэнымкIэ зэпымыууэ лажьэ зэзыгъэуIу зэхуэсымрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкIэ и советымрэ зэщIыгъуу къызэрагъэпэща зэIущIэр

Абы хэтащ КъБР-м къегъэщIылIа федеральнэ инспектор Канунников В. А., КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1 Егоровэ Т. Б., КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1 Мусуковэ А. Т1., суд органхэм, хабзэхъумэ Iэнатlэхэм я унафэщIхэр, къалэ, район администрацэхэм я Iэтащхьэхэр, цIыхухэм я хуитыныгъэхэм кьащхьэщыж зэгухьэныгъэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр.

КъБР-м и прокурор Жариков Олег и псалъэ.

ЗЭIУЩIЭМ гулъытэ хэха щыхуащIащ балигъ мыхъуахэм хабзэншагъэхэр щалажь къэмыгъэхъуным теуха профилактикэр къызэрызэрагъэпэщам, а Iуэхум егъэщIылIа Iэнатlэу КъБР-м щыIэхэм я лжьэкIэм, уэрамхэмрэ цIыху куэд щызэхуэс щIыпIэхэмрэ, апхуэдэу унагъуэхэм щалажь хабзэншагъэхэр гъэмэщIэным.

КъБР-м и прокурор Жариков О. О., КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ - егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ министр Емуэ Н. Гъу., къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ министру КъБР-м щыIэм и ялэ къуэдзэ Тату Къ. Б., Урысей Федерацэм и МВД-м и Управленэу Налшык къаланэ щыIэм и унафэщI Гграев М. М., Прохладнэ, Iуащхьэмахуэ районхэм я администрацэхэм я Iэтащхьэхэу Говоров С. А., Уянаев К. Хь.-М. сымэ къапсэльахэм едэIуа нэужь КIуэкIуэ Ю. А. къыхигъэщащ балигъ мыхъуахэм ялажь хабзэншагъэхэр 2014 гъэм процент 26,4-кIэ нэхъ мащIэ зэрыхъуар. Абыхэм хиубыдэу унагъуэхэм едыгъухэм я бжыгъэм процент 24,2-кIэ, цIыхухэр зыхъунщIэхэм - процент 61,1-кIэ, транспортыр еэыхужьхэм - процент 16,7-кIэ, фадэ ефэу хабзэншагъэ зылэжьхэм - процент 58,1-кIэ кIэрыхуащ.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

Лышхуэ зытезылъхьэ Iэщыр ягъэбэгъуэн папщIэ сом мелуан 23-м щIигъу хухах

Урысей Федерацэм и Правительствэм и Унафэщ1 Медведев Дмитрий Iэ щIидзащ лышхуэ зыщI Iэщ лъэпкъыфIхэр зыгъэхъуэхэм ядэIэпыкъуным теуха унафэм. Абы хиубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм 2015 гъэм федеральнэ бюджетым къыхэкIыу сом мелуан 23,12-рэ къыIэрыхьэнущ. Субсидиер республикэ бюджетым къыхуатIыпщ мы Iэнатlэм зезыужьыныгъэ щIыналъэ программэр гъэзэщIэным тригъэкIуэдэн папщIэ.

«ЛЫШХУЭ зытезылъхьэ Iэщ лъэпкъыфIхэр нэхъыбэ щIыным мыхьэнэшхуэ иIэщ нэгъуэщI къэралхэм къыщащхьу лыр гъэмэщIэныгъэмкIэ. А ерыскъыпхъэм хэгъахъуэныгъэ зыхуагъэувыжа къаланэхэр ди мэкъумэшыщIэхэм гъэ къэс ику иту зы проценткIэ щIигъуу ягъэзащIэ. А лэжьыгъэр дэ нэхъри щIэдгъэхуэбжьэнущ», - жиIащ иджыблагъэ Урысей Федерацэм мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министр Фёдоров Николай.

Псори зэхэту Урысей Федерацэм и щIыналъэхэм мы программэм хиубыдэу сом меларди 2-рэ мелуан 375-рэ хуауатIыпщ. А ахъшэр къызэрагъэсэбэпынум и фIыгъэкIэ, лышхуэ зытезылъхьэ Iэщу къэралым щагъэхъуэм я бжыгъэр мини 109-кIэ нэхъыбэ хъунущ.

САМЧЕНКЭ Светланэ,
КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.

Земан Милоши Москва къокIуэ

ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 70 зэрырикъум и щIыхькIэ Москва щекIуэкIыну гуфIэгъуэхэм хэтыну и мурадщ Чехием и президент Земан Милош. А жэрдэмыр абы даIыгъащ къэралым и правительствэм хэтхэми.

Правительствэм и пресс-Iуэхущ1апIэм и унафащI Канторэ Лукаш зэрыжиIэмкIэ, а Iуэхум министрхэм я кабинетым щытепсэльыхьащ икIи я къэрал унафэщIыр а дауэдащэхэм хэтынкIи тэмэму къалъытащ. «А зауэм и бэлыхьхэр дэри къыдэхьэлIащ икIи ди текIуэныгъэр зэдэдгъэлъэпIэным псом ди дежкIи мыхьэнэшхуэ иIэщ», - щыжаIащ Чехием и правительствэм.

Ахъшэу иратыр ягъэмэщIэну?

Пенсэ кIуа щхьэкIэ къэмынэу лажьэхэм 2016 гъэм къыщыщIэдзауэ я пенсэм щыщ Iыхьэ къэралым иубыдынущ.

А унафэр яхуэгъэзащ зи илъэс хэхъуэр сом зы мелуаным щIигъухэм. Апхуэдизу зи къулеягъ пенсионерхэр ди къэралым щыпсэурэ, жызыIэни щыIащ. КъызэрыщIэкIымкIэ, щыIэщ. Псалъэм папщIэ, мазэм пенсэу сом мин 20-м щIигъу зратхэр, лажьапщIэуи мин 70-м нэблагъэ къэзэрыхьэр мащIэкъым. Апхуэдэхэр Урысей Федерацэм мин 220-м щыщIегъу. Ар къэралым и пенсионер псомэ я процент 1,5-рэ мэхъу.

Пенсэзыхуэрэ улахуэшхуэрэ зэуIуу зратхэм я ахъшэ бжыгъэр зэрагъэмэщIэнур дапхуэдизкIэми зэкIэ хэIущIыIу ящIакъым. Жалар апхуэдэ щIыкIэкIэ къыдагъэхуэну ахъшэр зи пенсэ кIапитI зэтезымыгъэхуэфхэм трагуэшэну зэрамурадырщ.

♦Гемофилием (лъыр пцIэным пыщIа узыфэщ) и дунейпсо махуэщ

♦1990 гъэм къызэрагъэпэщащ Тхьэпэ къыдзэзыгъэкIхэм я зэгухьэныгъэр.

♦Мэлыжьыхьым и 17 - 19-хэм США-м и къалащхьэ Вашингтон щызэхэтынущ Дунейпсо банкым и гупымрэ Дунейпсо валютэ фондымрэ я зэIущIэхэр.

♦Уэрэджыкlуэ, УФ-м щыхь зиIэ и артисткэ КIуащ Верэ къызэралъхурэ илъэс 88-рэ ирокъу.

♦Социалист Лжэныгъэм и Лыхъужь, РСФСР-м щыхь зиIэ и машинэхуэ Ахъуэхъу Анатолий и ныбжьыр илъэс 86-рэ ирокъу.

♦«Краснодарпроектстрой» Iэхущ1апIэм и унафэщI, УФ-м щыхь зиIэ и ухуакIуэ Тутэрыщ Батырбий и ныбжьыр илъэс 60 ирокъу.

♦Къэрал лэжьакIуэ, юридическэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, КъБР-м щIэныгъэмкIэ щыхь зиIэ и лэжьакIуэ Дол Анжелэ къыщалъхуа мазищ.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриткIыжкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 17 - 19, жэщым градуси 8 - 9 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.

КъБР-м и МВД-м и Iэтащхьэ Ромашкин Игорь

● Къулыкъу



Урысейм и Президент Путин Владимир мэлыжьыхьым и 9-м къыдигъэкIа указымкIэ къэрал кIуэцI Iуэхуэмкlэ министру Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ Васильев Сергей тригъэкIа, а къулыкъум полицэм и генерал-майор Ромашкин Игорь игъэуващ.

МИНИСТРЫЩIЭМ илъэс 49-рэ и ныбжьщ. Ар Мэздэгу къалэм къыщалъхуащ, 1982 гъэм ПВО-м и зенитнэ-ракетэ еджапIэ нэхъыщхьэу Орджоникидзе (Владикавказ) къалэм дэтым щIэтIысхьащ. Ар къиухри, 1994 гъэм нэсыху УФ-м Iэщэкlэ ЗэщIэузэда и Къарухэм къулыкъу щищIащ икIи взводым и командирым щегъэжьауэ дивизионым и командирым нэсащ.

Ромашкин Игорь 1995 гъэм къэрал кIуэцI Iуэхуэмкlэ органхэм къулыкъу щищIэу щIэдзащ икIи кадрэхэмрэ штабымрэ ехьэлIа къулыкъухэр иIыгъащ. 2012 гъэм жэпуэгъуэм и 14-м щегъэжьауэ ар Урысейм и МВД-м и Управленэ нэхъыщхьэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыIэм и унафэщIым и къуэдзэу щытащ.

Ромашкин Игорь «Хэкум и пащхьэ щIиIэ фIыщIэм папщIэ» орденым и медалхэу ятIэ, «Хэкум нагъыщэхэр, «Хэкум и пащхьэ щIиIэ фIыщIэм папщIэ» орденым и еплIанэ нагъыщэр, «Жылагъуэ хабзэр зэрихъумэм папщIэ» медалыр кратащ.

Къулыкъу щIэныгъэмкIэ зэIущIэ

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Пашэ ящIри яхуэкIуэркъым, дакъэм дащIэри яхуекъуркъым.

Псори тхузэфIэкIынущ, цIыхухэм къыдагъэза дзыхьыр дгъэпэжыныр япэ идгъэщмэ

УпщIэхэр куэд дыдэт.

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

Дяпэкlэ дызрихьэлIэнкIэ хъуну лъэпощхьопохэм я гугъу щищIым Унафэщым жиIащ дызыпэмыплъа гуэрхэри кIыкIыуэкIынкIэ зэрыхъунур, ауэ къэрал кIуэцI политикэм и зыужьыкIэмрэ жылагъуэм и зэкъуэтыныгъэмрэ ятепщIыхьмэ, гугъуехьхэм зэращымышынэр.

Путиным гу зылърагъэтахэм ящыщщ кризисым дыкъыздэкIынму программэр къэрал властым зэхилъхьауэ щытми, ар зэкIэ зэрымылажьэр. Абы и жэуапу къэрал Iэтащхьэм жиIащ Президентми Правительствэми я щыуагъэхэм сыт щыгъуи ятепсэлъыхьыкIи, ахэр ягъэлъагъужьын зэрыхуейр, абы кIылыкъущIэхэр къэхъукъащIэжьи нэхъ нэ жанкIэ зэрыригъэплъыр.

- Дауэ мыхъуми, къэралым и социально-экономикэ щытыкIэр зэпIэзэрыт хъужьыным хэзгъэпса план апхуэдэ гугъуехь уэхту зэхэплъхьэныр тыншкъым, - жиIащ Президентым. - Абы ипкъ иткIэ, УФ-м и Правительствэм зэман гуэр тригъэкIуэдащ а щытыкIэм дыкъызэрикIынумрэ ар къыщыхъунумрэ егупсысыным, Iэхуэхэр зэпилъытыным. Планыр нэгъабэ и дыгъэгъаззэм къащтауэ иджы нэхъ шэщIауэ лэжьэн щIидзэу аращ. Нэхъ псынщIэуи зэхэплъхьэ хъуну къыщIэкIынт ар, ауэ абы и лъэныкъуэ псори фIыуэ зэгупсысыпхъэт. Сыту жыпIэмэ, а къалэнхэр гъащIэм хэпща хъуным сом триллиони 2,3-рэ текIуэдэнущ, ар ахъшэшхэущ. Абы щыщу сом мелард 900-р банк Iэнатlэр дэнэгъыным хухэтхынущ, зэрыжаIэщи, аращ экономикэм лъынтхэу хухэхьр. КъищынэмыщIауэ, сом мелард 250-мрэ экономикэ секторхэрщ здэкIуэнур, банкхэр къэгъэсэбэпауэ, сом мелардитI 100 авиахуэзнысIэм хухэтхынущ, цIыхухэм лэжьапIэ яIэным сом мелард 82-м щIигъу тедгъэкIуэдэнущ, сом мелард 200-м щIигъу экономикэм ехьэлIа проектхэр гъащIэм хэпща хъуным и щэсыпIэу хухэтхынущ.

ЗэфIэдгъэкIаХэм ящыщу зыри дымылъагъуу, зыхэдмыщIэу жыпIэнкIи къемызэгъщ. Сэ къызгуроIуэ: уасэхэм иджыри зэрыхъэуащ, ауэ языныкъуэ хэгъуэгуэхм щыболъагъу уасэхэр зэрырагъэхьыжыр. Сомри щытыкIкIэ зэпIэзэрыт иувэжри, зигъэбыдащ. ЦIыхухэр нэхъыбэкIэ къытщIигугъа хъунщ а пIалъэм кьрибыдэу, ауэ щытыкIэм къызэрегъэувым хуэдэу иокIуэкI. Дауэ мыхъуми, Правительствэм хэкIыпIэ тэмэмыр кьигъуэтауэ кьыщцохъури, абы дытетынущ.

Путин Владимир зэрызыхуагъэза упщIэхэм ящыщщ ерыскъы, хьэпшып уасэхэм зэрыхэхъуэр, улахуэр и пIэм зэримыкIыр, лажьапIэхэм цIыхухэр зэрыуагъэкIыр, къэралым щыпсэу куэд дыдэ гугъу зэрехьыр. Абы и жэуапу Унафэщым жиIащ а псори социальнэ политикэм къызэщIагъэубыдэну зэрамурадыр, лажьыгъэ Iэнатlэхэр хъумэным ахъшэ щхьэхуэ зэрыхуохьынур, инфляцэр гъэмэщIэным зэрегугъур.

Куэд щIауэ къэралым щыщIэ щытыкIэщ КъуэкIыпIэ Жыжьэм щауэхуэ «Восточный» космодромым и лэжьакIуэхэм Президентым зэрызыхуагъэзар - абыхэм мазиплI хъуауэ улахуэ къратакъым. Космодромым щыщIэ щытыкIэм фIыуэ щыгъуаззэ къэрал унафэщIым жиIащ абы щекIуэкI ухуэныгъэм трагъэкIуэдэну ахъшэр хуаутIыпщауэ зэрыщытыр, ауэ ар лэжьакIуэхэм я деж щIынэмысым и щхьэусыгъуэр Следственнэ комитетым зэхигъэкIыныр зэрыфIэигъэр, езыми и нэIэ зэрытетынур.

Урысейм дунейпсо экономикэм щиIэн хуей Iыхьэр нэхъ мащIэ зэрыхъункIэ хъунум, техникэ зыужьынигъэм, IэмалыщIэхэр гъащIэм хэпщынчи хурикIынкIи инвестицэ дяпэкIэ ди къэралым къэмысынкIэ зэрыхъунум, а псом зыхъужьынигъэ къарур щIихынкIэ зыхуэIуа зэрыщыкIэм зэрытешыныхьым теухуауэ Путиным кърата упщIэм и жэуапу мыр жиIащ:

- Дунейм къыщекIуэкIымрэ къэралкIуэцI экономикэмрэ зэпэлъытын зэрыхуейр шэчыншэщ. Абы и зэхэлъыкIэрэ гурыIуэгуэщ: хъэрычэтыщIэ Iэхуэм зиубгъун папщIэ Iэмалхэр къыздэгъэпащIын хуейщ, уней инвестицэхэр къыхэзыпхъэнухэр къыдэтхъэхьпхъэщ, кредит-ахъшэ политикэр едгъэфIэкIуэныр Iэмал зимыIэщ, уеблэмэ къэралым и Iэху зегъэкIуэкIын нэхъыфIым хуэшапхъэщ. Ар лIэужьыгъуэ куэду зэхэлъ къалэнщ. КъеббжэкIынуи нэхъ тыншщ, пщIэн нэхърэ. ФызэрыщIагъэзэщи, мы гъэм Правительствэм къызэтригъэувыIащ социальнэ индексацэр. АбыкIэ политикэр зэрымыарэзыр соцIэ, нэхъыбэ зэгъэзэхуэн, цIыхухэм я хэхъуэр нэхъри гъэмэщIэн, улахуэхэм зэрыхущIагъэр къызэтегъэувыIэн, пенсэм щыкIуэ ильэс бжыгъэр гъэIэпхъуэн хуейуэ къаГъуэву. А псори зыужьынигъэм лъахъэ хуэхъуу кьалъытэ. Теорие и лъэныкъуэкIэ пэщIащ. Экономикэ политикэр зыхуей хуэзэу зэтебублэн папщIэ щхьэ пфIэтын хуейуэ аращ, ауэ цIыхухэм я дзыхь. КьыдагъэзэнI папщIэ гу диIэн хуейщ, къызэрыгъэкI цIыхум и псэукIэмрэ и гум щыщIэмрэ зыхэтщIэн папщIэ.

ЦIыхухэм къыдагъэз дзыхьыр дгъэпэжын тхузэфIэкIмэ, кьетхьажьэ Iэхуэхэр къыддаIыгъынущ, шыIэныгъи бзэшэчагъи нэхъ ящыпнущ. ЩытыкIэр зыхуэдэр къэдмыльытэу ди Iэхуэм дыпэрывэмэ, сэ сызэрепльымкIэ, псынщIэ дыдэу дыхуэхуэIуэнущ 90 гъэхэм я пэщIэдзэм дызызэхуа гугъуехьым. Абы щыгъуэм ахъшэу дгъэкIуэдынрэ куэдкIэ нэхьыбэщ иджыпсту, хуэму дыкIуэтэу щытми, дызытет гъуэгум тедгъэкIуадэм нэхъри. Ар къэмыхъун папщIэ Правительствэмрэ Банк нэхъыщхьэмрэ тхухаха гъуэгум дытемэ нэхъыфIщ.

Экономикэм, политикэм ятеухуа упщIэхэм къакIэлъыкIуэу цIыхухэр зыгъэпIейтейхэм ящыщщ мэкъумэш Iэнатlэр. Абы пэрытхэм я гуапэ хъууэ къыхагъэщ хамэ къэрал къыщыщIагъэкIэр ди къэралым щащIэжмкIэ, щагъэкIэжмкIэ зэхъэжкIынщ зэрыIуэхуфIыр. Ящыныкъуэхэми жаIащ санкцэхэм я зэранкIэ нэхъапэм нэхъ пуду къащэхуу щыта хадэжкIэхэм я уасэм хуэдитI-щыкIэ зэрыхэхъуар. Кострома областым къипсэлъыкIа мэкъумэшыщIэм жиIащ къэрал дэIэпкъуныгъэ зэрыхуэныкъуэр, иджы щыIэ апхуэдэ мыльку хуэр областым нэса нэужь, хъэрычэтыщIэ Iэнатlэ нэхъ и зиIэхэм ялъысурэ езым хуэдэ фермерхэр щIэгъэхъэуэнышIуэ къызэрынэр, хамэ къэрал къраш продукцэр мыхъуу, езыхэм къыщIагъэкI гъэш-лыхэкIэр бззэрым щащфу зэтеублэныр зэрыфIэкъабылыр.

Абы и жэуапу Путиным жиIащ мыбы лъэныкъуитlкIэ уегупсыс зэрыхъунур. «Хамэ къэрал ерыскъыхэр кьедмышащэмэ, фэ кьыщIэгъэкIэр нэхъ тыншу фхузщэнущ, ауэ щэхуакIуэхэр хуейщ ерыскъы псори сытым дежи ягъуэту, нэхъ пуду къащэхуу псэуну. Абы ипкъ иткIэ, лъэныкъуэ псори къэлытауэ къэралым зэхилъхьащ мэкъумэш хозяйствэр дэIыгъыным хуэгъэпса Iэмалхэр», - жиIащ абы.

Апхуэдэуи Путиным кьыхигъащащ хэгъуэгуэм щекIуэкI гугъуехьхэми, цIыхубэм я псэукIэми фIыуэ зэрыщIгъуэзэр, абыхэм ятеухуа унафэ куэд кьызэрищтэр, ауэ бюджетым епха щхьэхуэныгъэхэм япкъ иткIэ, Iэнатlэ псори зыхуей хуэзэу кьызэгъэпэща зэрымыхъур.

Путин Владимир упщIэхэм жэуап щарита теленэтыныр сыхьэтплIкIэ екIуэкIащ. Экономикэм, политикэм, мэкъумэш Iэнатlэм, узынщагъэр хъумэным, егъэджэныгъэм, щIэныгъэм, щхьэхбзэм ехьэлIа упщIэ куэд, дыдэм жэуап нэсхэр яритащ, лъэпкъ зыкъыхуэзыгъэза цIыхухэми защIигъэкъуэну кьигъэгугъащ.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

НыбжьыщIэхэм хабзэншагъэхэр ямылэжьын папщIэ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.)

А псоми къадэкIуэу, жиIащ КIуэкIуэ Юрий, апхуэдэ бжыгъэхэми егъэлеяуэ ущыщыгуфIыкIын щыIэкъым. Илъэсыпэ ирикIэ къэбгъэпъагъэуэмэ, балигъ мыхъуахэм ящыщу 729-р лажьэркъым икIи еджэркъым, сабий 285-рэ фадэ ефауэ япэщIэхуащ, абыхэм ящыщу 36-р щIэх-щIэхыурэ йофэ, 46-р наркологиемкIэ диспансерым и учетым щытщ. Ауэ апхуэдэ бжыгъэхэри нэгъэсауэ тэмэмкъым, сыту жыпIэмэ, официальнэу ямытхауэ куэд къонэ.

КIуэкIуэ Юрий къигъэпъагъуащ прокуратурэр мы Iэхуэм нэхъ жыджэру елэжьыпхъэу икIи щыIанатlэ администрацэхэм я Iэтащхьэхэм нэхъ быдзу ярыщIауэ щытын хуейуэ къыззриIыытэр.

Хабзэншагъэр зылэжь сабийжэм мымащIэу яхэтщ зи Iэхэр зыкIэпъымыкIуэ унагъуэхэм ящыщхэр. Абы къыхэкIыу гулъытэ нэс игъэтыпхъэщ гугъуехь нэрылъагъуэм хэхуа унагъуэхэм ядэIэпыкъуным. «Сабийхэм хабзэншагъэхэр зэралажьэм теуха бжыгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр дэтхэнэ Iэнатlэми щыбгъуэтынущ, - кьыхиГъэщхьэкIащ республикэм и Iэтащхьэм. - Апхуэдэ щытыкIэр кьыззнэкIыным теуха унафэуи щэ бжыгъэхэр кьащтащ, ауэ зэхъуэкIыныгъэшхэхэр къэхъуауэ тIыгъуркъым».

КъБР-м Экономикэ, жылагъуэ шынагъэншагъэмкIэ и советым, КъБР-м ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щалэгъуалэм я IэхуэхэмкIэ и министерствэм хуагъэуващ балигъ мыхъуахэм ялажь хабзэншагъэхэр гъэмэщIэным хуэгъэза Iэхуэхэр зэхалъхьэну икIи абы и лъэныкъуэкIэ Парламентым и депутатхэр, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм хэтхэр зыдагъэIэпыкъуну.

Хэхауэ зэгупсысын хуейхэм ящыщщ уэрамхэм лъаIуэу дэтхэр куэд зэрыхуар. Дыззрыт илъэсыр кьыззрыунэхурэ Налшык кьалэм и закъуэ апхуэдэ сабийуэ 257-рэ щатхащ. Абыхэм я процент 80-р нэгъуэщI щынальэхэм щыщу кьыщIэкIами, ди сабийхэри а мыхъумыщIагъэм хэзэрыхьащ. Ахэр нэхъыбэу Май, Аруан районхэм, Нартан кьуажэм щыщщ.

Хабзэншагъэ зылэжь сабийхэм ящыщу хIыщIыу кьащIхэм я бжыгъэм зэпымыууэ хэхъуэу йокIуэкI, ауэ абы кьыдэкIуэу дэ зыщыдгъэгъупщэ хьунукъым сабий псори мыхъумыщIагъэхэм ящыхъумэныр ди кьалэн нэхъыщхьэу зэрыщытыр. Сыт хуэдэ бжыгъэхэр ямытхми, дэ дэтхэнэ зи сабийми, унагъуэми, адэ-анэхэми ди нэIэ ятедгъэтын хуейщ.

Республикэм иджыпсту щызэтеуха щытыкIэм и гугъу щищIым КъБР-м и Iэтащхьэм къигъэлъэгъуауэ хабзэншагъэхэм ебэныным и Iэныкъуэ щхьэхуэхэмкIэ зэхъуэкIынымгъэ хъарзынэхэр зэрыщыIэр. Кьалпщтэмэ, щэхурыпажьэ щIэпхъэджащэ гупхэм зэребэныр ирагъэфIэкIуащ. Ауэ Iэпэдэгъэлэл ящIауэ жыпIэ хъунущ уэрамхэм, унагъуэхэм хабзэхэр кьыщызэпызыудхэм, чэфу мыхъумыщIагъэхэр зылэжьхэм зэребэныр. Абы и щыхьэтщ мыпхуэдэ бжыгъэхэр. 2011 гъэм епльытмэ, уэрамхэмрэ щIыхь куэд щызэблэкI щыпIэхэмрэ щалэжь хабзэншагъэхэр процент 47,3-кIэ, чэфхэм ялэжь мыхъумыщIагъэхэр процент 73,2-кIэ, нэхъыбэ хуэщI. Мыбы и лъэныкъуэкIэ мыхъумыщIагъэ нэхъыбэ кьыщыхьуэм ящыщщ Прохладнэ, Май районхэр, Налшык, Бахъсэн кьалэхэр, Бахъсэн районыр.

Апхуэдэу гулъытэ хуащIащ жылагъуэ хабзэр хъумэным щIыхуэр кьыхэшэныкIэ законым кьезэгъ Iэмалхэр убзыхуным, хабзэншагъэхэр кьыщынэхъуным хуэгъэзащэ студентхэм ядэIэкъэным.

ЗэIущIэм кьыщапсэльахэм ябгъ иткIэ унафэ пыухыкIа кьащтащ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ и Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iапи Iэ.

Правительствэм ди хэкуэгъуэхэм я Iуэхухэмкlэ и комиссэм теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2015 гъэм гъатхэпэм и 11-м Налшык къалэ №38-ПП

2013 - 2017 гъэхэм ятещIыхьа «Жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ граждан жылагъуэ Iуэхущ Iапи Iэхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щадэлэжьэныр» къэрал программмэм, 2013 гъэм фокIадэм и 2-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм къыдигъэкIа Унафэ №243-ПП-мкIэ къыщтам, «НэгъуэщI къэралхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм яхудИэ пыщIэныгъэхэр хъумэнымрэ абыхэм зегъэужьынымкIэ зэрыщыпсэуным зегъэужьынымрэ, зи хэкум къэзыгъэзэжхэр гъащIэм хэзэгъэжьынымкIэ защIэгъэкъуэныр» программмэ къыдэзэр гъэзэщIэн мурадкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI**:

1. Правительствэм ди хэкуэгъуэхэм я Iуэхухэмкlэ и комиссэ къызэгъэпэщын.

2. Къэщтэн мы Унафэм щIыгъуэху:

Правительствэм ди хэкуэгъуэхэм я Iуэхухэмкlэ и комиссэм теухуа Положенэр;

Правительствэм ди хэкуэгъуэхэм я Iуэхухэмкlэ и комиссэм хэтхэр.

3. Къыру ямыIэжу къэлъытэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и унафэхэу мы къыкIэлъыкIуэхэм:

«НэгъуэщI къэралхэм щыпсэу ди хэкуэгъуэхэм яхудИэ пыщIэныгъэхэр хъумэнымрэ абыхэм зегъэужьынымкIэ 2012 - 2015 гъэхэм лэжьыпхъэхэм я Iуэхущ Iэ» 2012 гъэм мэлыжьыхьым и 21-м №89-ПП-м щIэту къащтам;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2012 гъэм мэлыжьыхьым и 21-м къыдигъэкIа Унафэ №89-ПП-м зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» 2013 гъэм мазаем и 27-м №61-ПП-м щIэту къащтам;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2012 гъэм мэлыжьыхьым и 21-м къыдигъэкIа Унафэ №89-ПП-м зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхущ Iэ» 2014 гъэм мэлыжьыхьым и 15-м №68-ПП-м щIэту къащтам.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ МУСУКОВ Алий

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2015 гъэм гъатхэпэм и 11-м къыдигъэкIа Унафэ №38-ПП-мкIэ къыщтащ

Правительствэм ди хэкуэгъуэхэм я Iуэхухэмкlэ и комиссэм теухуа

ПОЛОЖЕНЭ

1. Мы Положенэр зэхалъхьащ ди хэкуэгъуэхэм яхудИэ пыщIэныгъэхэр хъумэнымрэ абыхэм зегъэужьынымкIэ къэув кьалэнхэр гъэзэщIэнымкIэ Правительствэм ди хэкуэгъуэхэм я Iуэхухэмкlэ и комиссэм (адэкIэ - Комиссэщ) къызэригъэпэщын папщIэ.

2. Комиссэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и деж зэпымыууэ щылажьэ коллегиальнэ убзыхуакIуэ органщ.

3. Комиссэм езым и лажьыгъэр къызэрегъэпэщ Урысей Федерацэм и Конституцэм, федеральнэ хабзэ мардэхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и хабзэ мардэхэм, апхуэдэу мы Положенэм тету.

4. Комиссэм и кьалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ:

ди хэкуэгъуэхэм даэрыдэлажьэр егъэфIэкIуэным хуэгъэзауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщIакIуэ органхэм ирагъэкIуэкI Iуэхухэр унэтIыныр, апхуэдэу гъэзэщIакIуэ властым и федеральнэ органхэм я щIыналъэ органхэм, щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ органхэм, организацэхэм ядэлэжьэныр;

ди хэкуэгъуэхэм щэнхабзэм, егъэджэныгъэм, экономикэм, нэгъуэщI Iэнатlэхэми ехьэлIауэ яхудИэ пыщIэныгъэхэм зегъэужьынымкIэ хэзгъэза Iуэхухэр гъэхьэзырынымрэ кьыхэлъхьэнымрэ.

5. Комиссэм езым кьыбгъэдэхуэ кьалэнхэр ирагъэзэщIэн мурадкIэ:

ди хэкуэгъуэхэм щэнхабзэм, егъэджэныгъэм, экономикэм, нэгъуэщI Iэнатlэхэм ехьэлIауэ яхудИэ пыщIэныгъэхэм зегъэужьынымкIэ хэзгъэза чэнджащэр зэхелъхьэ;

ди хэкуэгъуэхэм ядэлэжьэным хуэгъэзауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и унафэхэм я проектхэр кьыхалъхьэхэм я экспертизэхэр ирагъэкIуэкIын папщIэ комиссэм кьыззрипъэпэщ хьунущ зыхуэфащэ лажьакIуэ гупхэр, уей хъумэ, абыхэм зэгурыIуэныгъэкIэ кьащтэ экспертхэмрэ консультантхэмрэ хэту.

10. Комиссэм и зэIущIэхэмрэ абыхэм кьыщащтэ унафэхэмрэ протоколу ятхыжри, комиссэм и унафэщым Iэ щIедзыж.

11. Комиссэм и лажьыгъэм и кьыззгъэпэщыкIэр абы и унафэщым еубзыху.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2015 гъэм гъатхэпэм и 11-м къыдигъэкIа Унафэ №38-ПП-мкIэ къыщтащ

Правительствэм ди хэкуэгъуэхэм я Iуэхухэмкlэ и комиссэм

ХЭТХЭР

Емуз Н. Гъу. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ и министрыр *(Правительствэм и комиссэм и унафэщIу)*

КIуращын А. В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Граждан жылагъуэ Iуэхущ Iапи Iэхэм ядэлэжьэныр лъэпкъ Iуэхухэмкlэ и управленэм и унафэщIыр *(Правительствэм и комиссэм и унафэщIу)*

Ажахъуэ Къ. М. - «Бум-Банк» коммерческэ банк жэуап зэхэсэщхьэхуэкIа зыхь зэгухьэныгъэм и правленэм и тхьэмадэр *(зэгурыIуауэ)*

Анаев М. А. - къэрэшей-балъкъэр щIалэгъуалэм я зыужьынымгъэм телажьэ «Эльбрусоид» фондым и Налшык къудамэм и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Апажэ А. Къ. - «КIуэкIуэ В. М. и щIэ зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университет» профессиональнэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щIыгъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет ежаплIэм и ректорыр *(зэгурыIуауэ)*

Беппаев С. У. - балъкъэр лъэпкъым и «Алан» Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Алан Советым и тхьэмадэр *(зэгурыIуауэ)*

Бесчокъуэ А. Щ. - Минераловодскэ таможнэм и Къэбэрдей-Балъкъэр таможнэ къудамэм и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Дзэмыхь Къ. ФI. - федеральнэ къэрал щIэныгъэ бюджет Iуэхущ Iапи Iэ - Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и Академиемрэ и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ институтым гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым и унафэщым и кьалэнхэр зыгъэзащIэр *(зэгурыIуауэ)*

Жылау А. И. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Граждан жылагъуэ Iуэхущ Iапи Iэхэм ядэлэжьэныр лъэпкъ Iуэхухэмкlэ и управленэм и къудамэм и унафэщIыр *(Правительствэм и комиссэм и секретарщ)*

Залиханов Къ. Хь. У. - къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ министру Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыпIэ и къудамэр *(зэгурыIуауэ)*

Къэзанщ Л. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Печатымрэ цIыхубэ коммуникацэхэмкIэ и къэрал комитетым и унафэщIыр

Канунников А. Д. - «Урыс тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ я Правительствэм ди хэкуэгъуэхэм я Iуэхухэмкlэ и комиссэм теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2015 гъэм мэлыжьыхьым и 11-м Налшык къалэ №67-ПП

«Гъавэ гъэкIыным и Iэнатlэ щхьэхуэхэм зрагъэужьын папщIэ федеральнэ бюджетым кьыхэкI субсидиехэр Урысей Федерацэм и субъектхэм зэрыратэ Хабзэхэр кьащтэным тетуауэ» 2012 гъэм дыгъэгъазэм и 12-м Урысей Федерацэм и Правительствэм кьищта Унафэ №1295-м тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм гъавэ гъэкIынымкIэ и Iэнатlэ щхьэхуэхэм зрагъэужьын папщIэ мэкъумэш продукцэ кьэзылэжьхэм субсидиехэр зэрырат Хабзэхэр кьащтэн мы унафэм и гуэдзэным зэритым хуэзэу.

2. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм гъавэ гъэкIынымкIэ и Iэнатlэ щхьэхуэхэм зрагъэужьын папщIэ мэкъумэш продукцэ кьэзылэжьхэм субсидиехэр зэрырат Хабзэхэр я Iуэхухэ» 2014 гъэм шыщкьэуIум и 27-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм къыдигъэкIа Унафэ №188-ПП-м кьару имыIэжу кьэлъытэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ МУСУКОВ Алий

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал программэхэр зэрызэхалъхьэ, зэрагъэзащIэ, абыхэм я сэфэныгъэр кьыззрапщытэ Хабзэм зэхъуэкIынымрэ я хэлъхьэным и Iуэхухэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2015 гъэм мэлыжьыхьым и 3-м Налшык къалэ №68-ПП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI**:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал программэхэр зэрызэхалъхьэ, зэрагъэзащIэ, абыхэм я сэфэныгъэр кьыззрапщытэ Хабзэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2011 гъэм бадзэуэгъуэм и 20-м къыдигъэкIа Унафэ №202-ПП-мкIэ къыщтам, зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэн икIи абы и 23-нэ пунктым хэт «мазитlкIэ» псалъэр «мазищкIэ» жиIэу зэхъуэкIын.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ МУСУКОВ Алий

НыбжьыщIэхэм хабзэншагъэхэр ямылэжьын папщIэ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.)

А псоми къадэкIуэу, жиIащ КIуэкIуэ Юрий, апхуэдэ бжыгъэхэми егъэлеяуэ ущыщыгуфIыкIын щыIэкъым. Илъэсыпэ ирикIэ къэбгъэпъагъэуэмэ, балигъ мыхъуахэм ящыщу 729-р лажьэркъым икIи еджэркъым, сабий 285-рэ фадэ ефауэ япэщIэхуащ, абыхэм ящыщу 36-р щIэх-щIэхыурэ йофэ, 46-р наркологиемкIэ диспансерым и учетым щытщ. Ауэ апхуэдэ бжыгъэхэри нэгъэсауэ тэмэмкъым, сыту жыпIэмэ, официальнэу ямытхауэ куэд къонэ.

КIуэкIуэ Юрий къигъэпъагъуащ прокуратурэр мы Iуэхум нэхъ жыджэру елэжьыпхъэу икIи щыIанатlэ администрацэхэм я Iэтащхьэхэм нэхъ быдзу ярыщIауэ щытын хуейуэ къыззриIыытэр.

Хабзэншагъэр зылэжь сабийжэм мымащIэу яхэтщ зи Iэхэр зыкIэпъымыкIуэ унагъуэхэм ящыщхэр. Абы къыхэкIыу гулъытэ нэс игъэтыпхъэщ гугъуехь нэрылъагъуэм хэхуа унагъуэхэм ядэIэпыкъуным. «Сабийхэм хабзэншагъэхэр зэралажьэм теуха бжыгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр дэтхэнэ Iэнатlэми щыбгъуэтынущ, - кьыхиГъэщхьэкIащ республикэм и Iэтащхьэм. - Апхуэдэ щытыкIэр кьыззнэкIыным теуха унафэуи щэ бжыгъэхэр кьащтащ, ауэ зэхъуэкIыныгъэшхэхэр кьэхъуауэ тIыгъуркъым».

КъБР-м Экономикэ, жылагъуэ шынагъэншагъэмкIэ и советым, КъБР-м Егъэджэныгъэмкlэ, щIэныгъэмрэ щалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ и министерствэм хуагъэуващ балигъ мыхъуахэм ялажь хабзэншагъэхэр гъэмэщIэным хуэгъэза Iуэхухэр зэхалъхьэну икIи абы и лъэныкъуэкIэ Парламентым и депутатхэр, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм хэтхэр зыдагъэIэпыкъуну.

Хэхауэ зэгупсысын хуейхэм ящыщщ уэрамхэм лъаIуэу дэтхэр куэд зэрыхуар. Дыззрыт илъэсыр кьыззрыунэхурэ Налшык кьалэм и закъуэ апхуэдэ сабийуэ 257-рэ щатхащ. Абыхэм я процент 80-р нэгъуэщI щынальэхэм щыщу кьыщIэкIами, ди сабийхэри а мыхъумыщIагъэм хэзэрыхьащ. Ахэр нэхъыбэу Май, Аруан районхэм, Нартан кьуажэм щыщщ.

Хабзэншагъэ зылэжь сабийхэм ящыщу хIыщIыу кьащIхэм я бжыгъэм зэпымыууэ хэхъуэу йокIуэкI, ауэ абы кьыдэкIуэу дэ зыщыдгъэгъупщэ хьунукъым сабий псори мыхъумыщIагъэхэм ящыхъумэныр ди кьалэн нэхъыщхьэу зэрыщытыр. Сыт хуэдэ бжыгъэхэр ямытхми, дэ дэтхэнэ зи сабийми, унагъуэми, адэ-анэхэми ди нэIэ ятедгъэтын хуейщ.

Республикэм иджыпсту щызэтеуха щытыкIэм и гугъу щищIым КъБР-м и Iэтащхьэм къигъэлъэгъуауэ хабзэншагъэхэм ебэныным и Iэныкъуэ щхьэхуэхэмкIэ зэхъуэкIынымгъэ хъарзынэхэр зэрыщыIэр. Кьалпщтэмэ, щэхурыпажьэ щIэпхъэджащэ гупхэм зэребэныр ирагъэфIэкIуащ. Ауэ Iэпэдэгъэлэл ящIауэ жыпIэ хъунущ уэрамхэм, унагъуэхэм хабзэхэр кьыщызэпызыудхэм, чэфу мыхъумыщIагъэхэр зылэжьхэм зэребэныр. Абы и щыхьэтщ мыпхуэдэ бжыгъэхэр. 2011 гъэм епльытмэ, уэрамхэмрэ щIыхь куэд щызэблэкI щыпIэхэмрэ щалэжь хабзэншагъэхэр процент 47,3-кIэ, чэфхэм ялэжь мыхъумыщIагъэхэр процент 73,2-кIэ, нэхъыбэ хуэщI. Мыбы и лъэныкъуэкIэ мыхъумыщIагъэ нэхъыбэ кьыщыхьуэм ящыщщ Прохладнэ, Май районхэр, Налшык, Бахъсэн кьалэхэр, Бахъсэн районыр.

Апхуэдэу гулъытэ хуащIащ жылагъуэ хабзэр хъумэным щIыхуэр кьыхэшэныкIэ законым кьезэгъ Iэмалхэр убзыхуным, хабзэншагъэхэр кьыщынэхъуным хуэгъэзащэ студентхэм ядэIэкъэным.

ЗэIущIэм кьыщапсэльахэм ябгъ иткIэ унафэ пыухыкIа кьащтащ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ и Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iапи Iэ.

Прагэ деж

Дзэ къулыкъур и кІэм нигъэсауэ зэрежьэжьынум зыхуэзыгъэхьэзыр Хамэ Ахьмэд и гущхьэм къэкІыххэр-тэкъым я деж щигъэзэжьыну махуэм иджыри илъэсиплІкІэ пэплъэн хуей хъуну. Нэмыцэ фашист зэрыпхъуакІуэхэр екІэ ди къэралым къызэрылъихьэнур бзянт. Утепсэлъыхьу ямыдэми, Германием и дзэ фІыцІэр ди гъунапкъэхэм ящыІэретІысэкІам уимыгъэпІейтеинкІэ Іэмал иІэтэкъым. Мурад бзаджэр зытраууар а пІалъэрати, 1941 гъэм мэкъуауэгъуэм и 22-м бий ерур къаруушхуэкІэ ди щЫналъэм къебгъэрыкІуащ.

АБДЕЖЫМ щыщІидзащ совет цІыхубэм фашист зэрыпхъуакІуэхэм жэщ-махуэ 1418-кІэ драгъэкІуэкІа Хэку заузшхуэм. Ди къэралыр нэху къекІащ дунейпсо тхыдэм нэхъ хьэщхьэрыІуэ дыдэу хьэка Германиер кьыпеуауэ. Фашистхэм къагъэлыда а мафІэ лыгъэм цІыху лажьэншэ мелуан куэд хисхьащ, хэщІыныгъэ инхэр кІишащ.

1941 гъэм и кІэухым Мэзкуу деж щекІуэкІа зэхэуэ гуащІэхэр гъэунэхуныгъэ хьэлъэт. Бийм и мурадыр къехъулІакъым, ди къэралым и щыхьэрыр къыхуэщтакъым, сэлэтрэ офицеру мелуаным щІигъу абдеж щыфІэкІуэдащ.

Хамэ Ахьмэд зыхэт зенит-топгъауэ частыр зауэм и ялэ махуэхэм фашистхэм щапэщІэувар Белоруссием и къеблэ щыкІу гуэрым и Іэшэлъашэрт. Апхуэдизкіэ гуащІэу, тегушхуауэ кьебгъэрыкІуэрти, къэзыгъэувыІэфын кьару щымыІэу къащыхъужырт. Ешішэхэмрэ бомбэхэмрэ къателъалъэрти, ди щІалэхэм я щхьэр кьрагъэІэтырэтэкъым. Ауэ ахэр къэдзыхакъым, гушхуэ зэракІуэщІылъыр ягъэнаІуэу, уэгум ит нэмыцэ къъухьлъатэхэм я зенит топхэмкІэ ерыщу яхэуэрт, мафІэм зэщІищтауэ «кърагъэпсыхьу». Езыхэми хэщІыныгъэшхуэ ягъуэтат, псэууэ къэнар Ахьмэд зыхэт расчётым и закъуэт.

Сталинград деж фашистхэм къащыпэплъэр жьихьэнмэт. Ди зауэлІхэм а къалэр яхъума къудейкъым, атІэ фельдмаршал Паулюс зи пашэ дзэшхуэр гъэр кьащІащ. Абы щыгъуэ зэрихьа лІыгъэм кьыпэкІуэу, Хамэ Ахьмэд и бгъэм Вагъуэ Плъыжь орденыр кьыхахьащ. Ар екІупсу бгъурыуат нэхъ пасэу кьыхуагъэфэща «ЩІыхь» орденым и ещанэ нагьыщэм. Абы кьыкІэлъыкІуащ «Сталинград зэрихьумам папщІэ» медалри.

Бийр ди къэралым ирахужьыхункІэ Ахьмэд зи командир зенит топымкІэ фашист кьъухьлъатэу 15 кьрадуьащ. КъыкІэлъыкІуэу Европэм и къэралхэр хуит кьыщащыжьми, адыгэ щІалэм лІыгъэрэ хахуагъэрэ щхьэлъэгъуащ.

- Кьыз этеувыІэ димыІэу зэрыпхъуакІуэхэр къыздикІамкІэ тхужьырт. Апхуэдэурэ Венгриеми и щІыналъэм бынэсащ. Фашистхэр абдежым гуащІэу къыщыштпащІэувати, ахэр икІэщІыпІэкІэ зэрызэхэткъутэну Іэмалхэр псынщІэу кьздгъэсэбэпын хуейт. ТекІуэныгъэр кьызэрыбластэр нАІуэти ди командирхэр кьыгтхуэсакъырт, дызэрахъумэным хущІэкъурт, дэтхэнэ хэщІыныгъэри хуабжьу зыхащІэрт. Апхуэдэ гулъытэм къаруущІэ кьытхилъхьэрт, дыкьызэщІиІэтэрт. Зэхэуэ гуащІэхэр зэпыуртэкъым, Будапешт къалэм и екІуэлІапІэ-дыхьэпІэхэм фашистхэм лъэщу зыщагъэбыдати, я штабыр зэхэткъутэн щхьэкІэ, «бэзгу» къэхьын хуейт. Зы капитан ди нэхъыжьу зауэлІищ дыкьыхахри, даутІыпщащ. Бзаджагъэ дыхуемыкІуэу, штабым и щІыбым щхэуу дыкъыдыхьэфынутхэм, фІейр зрикІуэ бжьамийр къэдгъэсэбэпащ. И кІуэцІым врагъыу дихуэ къудейт, кьрих мэ гуащІэм дигъэмэхьыт, итІани, къэдмыгъаззу, икІынІэм нэтхъущ, щхьэтепІэр тедудри, нэхъ благъэ къыгтхуэхьуа фашиститІым языр сэкІэ Іутхащ, адрейр Іэрыубыд тщІыри кьыздэтхьащ, - игу кьыгъэкІыжьырт Ахьмэд лІыгъэкІэ гъэнщІа а дакъикъэхэр.

Абы кьыпэкІуащ «ЩІыхь» орденым и етІуанэ нагьыщэр.

Сержант нэхъыжь Хамэ Ахьмэд ТекІуэныгъэм и махуэ лъапІэм Чехословакием и кьалащхьэ Прагэ щыІуащІащ. Абы щалъхуа Теркекэ кьуажэм къыгъэзэжащ дордениплІымрэ медалхэмрэ бжьыфІэ щІэхъуькІыу, СССР-м Іэщэкіэ Зэщіэуэзэда и Кьарухэм я Командующэ Нэхъыщхьэ Сталин Иосиф и фІыщІэ тхьилъ зыбжанэ иІэу икІи бийм зэхикъута цІыхубэ хозяйствэр зэфІэгъэувэжьыным, мэкъумэш Іэнатіэм зегъэужьыным и гущІэ куэд хилъхьащ.

ДЭЦЫРХЪУЕЙ Мусэрбий.
Тэрч район,
Новэ-Хьэмидей къуажэ

★★★

● Зауэм и напэкІуэцІ цІыкІухэр

Танкзехуэ хахуэ

АПАЖЭ Хьэмид къыщалъхуа къуажэм щыІэ, нэмысиІэу, сыт и лъэныкъуэкІи щапхъэу дэсащ, зауэми лІыгъэшхуэ щызэрихьащ. И хъуэпсапІэр зригъэхьулІэн мурадкІэ, ар пединститутым щІэтІысхьами, гъащІэм къыхуигъэувар зыпэмыплъа Іуэхугъуэт.

1939 гъэм Хьэмид къулыкъу щищІэну дзэм дашри, танкзехуэ гупым хагъэхьащ. Танкым пкърыльэ щэху псори кьэхутэным, кьулыкъур екъэкІыным егугъуми, и хъуэпсапІэр Іэщ1ыб имыщІыну хуэзфІэкІащ. ЗэрыхъукІэ, зэман къыдигъахуэрэ, алгебрэ, химие, физикэ тхыдэ предметхэр иджащ.

Хэку зауэшхуэр къыщыхъеям, ар Львов щыІэт. Механик-танкзехуэр 1941 гъэм бжьыхьэм и кІэхэм псэууэ кьипщащ мафІэ лыгъейм ис танкым. Сымаджэщым мазэ зыбжанэкІэ щІэлъа нэужь, Хьэмид бийм щыпэщІэуващ Сталинград и деж. Абы щыІэзэрихьа лІыгъэм папщІэ къыхуагъэфэщащ «ЩІыхь» орденым и ещанэ нагьыщэр.

1944 гъэм Апажэм пщэрылъ хуащІащ нэмыцэхэм я аэродромым тет къъухьлъатэхэмрэ машинэхэмрэ нэхущым зэхикъутэну. А кьалэн мытынышр и псэм емыблэжу абы игъэзэщІащ, и гур бийм тригъэзагъэри, лІыгъэ хэлъу езыри зэкІуэдащ.

Генерал-майор Фирсович, подполковникхэу Андерсон, Кушнир, сымэ я Іэ зыщІэдза зауэ дэфтэрым итщ: «Механик-танкзехуэ, сержант нэхъыжь Апажэм зэхикъутащ бийм и машинэу 24-рэ, фашист 50-м нэс иужІащ, топищэ къъухьлъатэ 12-рэ къигъэуащ. ЛІыгъэ хэлъу зауэм зэкІуэда лІыхъужьым и щІыхьэр зэи кІуэдынукъым».

Зауэм щызэрихьа лІыгъэм папщІэ Апажэ Хьэмид хуагъэфэщащ Хэку зауэ орденым и ещанэ нагьыщэр.

«Ди псым игъэпщкІуакъым фашистыр»

1943 ГЪЭМ бадзэуэгъуэм и 10-м 728-нэ полкым и 2-нэ ротэм къебгъэрыкІуат Іэщэкіэ зэщІэуэзда нэмыцэ дзэшхуэр.

Бийм пэплъэу щыс пулеметгъэуэ сержант Хъуэкіуэным гъунэгъу къэхуа фашистхэм топышэр ятригъэлъалъэу щІидзэри, куэд зэтриукІащ, къэнахэр щІэпхъуэжащ.

ЗауэлІхэр бийм якІэлъыщІэпхъуэ щхьэкІэ, абыхэм къатеуащ унащхьэхэм зыщызыгъэпщкІуа нэмыцэхэр. Арщхьэкіэ ахэри куэдрэ ягъэпсэуакъым.

Ди сэлэтхэр къуажэм щыдыхьэш, Прохладнэ щыщ Володенкэ къиплъэгъуащ я1щІэкІа зы нэмыцэ. Псыкъуийм зыщыщызгъэпщкІуа фашистыр къэгъэтыгъуэй хуэакъым. Гъэру яубыдауэ, лъэгуажьэмыщхьэу щыс нэмыцэм корреспондент щрихьалІэм, сурэт трихащ, икІи етІуанэ махуэм къыздэкІа газетым итт: «Ди псым игъэпщкІуакъым фашистыр» зи псалъащхьэ тхыгъэр.

ЗауэлІ закъуэр

СОВЕТЫДЗЭМ щыщ зауэлІхэу зэхэуэм къела гупыр члисэм щІыхьэну щежьэм, ятелъэлъа автоматышэм щыр бжэІупэм нэсауэ икІащ, тІур щыщІыхьэм хэкІуэдащ. Псэууэ къэна Газаев Адэлджерий щІэлъадэри, къуэгъэнапІэм зыщигъэпщкІуащ, бийм пэплъэну. Члисэм зэрыщІэгуа фашистхэр псори а зы лІым зэтриукІащ.

Исхьэкъ

ЗИ НЭ псычъэр щэм къриуа Исхьэкъ етІуанэу операцІэ ящІри, унэм яутІыпщыжат.

Псэууэ зэрахььэжам Іыхьлыхэр игъэгуфІами, езым и гум а гуаузр зи икІыртэкъым. И ныбжьыр илъэс 95-рэ щрикъум абы жиІат: Си щхьэр зи инагъым фІэкІыу, си нэм шэ дауэ кьытехуат!»

Тыкъуэ зэшхэм я лІыгъэр

1941-1945 гъэхэм екІуэкІа Хэку зауэшхуэм ди совет къэралыгъуэм абы къыщихьа ТекІуэныгъэ Иным и мыхьэнэр ноби нэхъ кІащхьэ хъуркъым. Апхуэдэу нэхъ Іупщіу ди нэгу къыщІоувэ зи псэрэ зи къаруурэ емыблэжу абы хэта ди зауэлІхэм зэрахьа лІыгъэмрэ хахуагъэмрэ. Бий ерум пэщІэувахэм ящыщт Нартан къуажэм щыпсэуа Тыкъуэ Лыхьэд и къуэхэу Мухьэжидрэ Жэмидрэ.

КЪЭХЪУКЪАЩІЭ къызэрымыкІуэ куэдкІэ къулей XX лэщІыгъуэм и пэщІэдзэм дунейм къытехьащ Мухьэжид. ЩІалэщІэр губгъуэ лэжьыгъэм къыщІэтэджащ: и адэм бгъурыту вэнсэным хэтащ, мэкъу еуащ, гъавэр кьрихьэлІэжащ. 1926 гъэм Мухьэжид унагъуэ хъуащ. Абы щхьэгъусэ ищІащ Сибэч Дэбагъуэ ипхъу Жанпагуэ. Куэд дэмыкІыу унагуэр ягъэлэпхъуащ къэрал унафэм ипкъ иткІэ къызэрагъэпэщащэ щыта Дахэпсынэ жылэщІэм. БынипщІ зэдагъэуэтат зэщхьэгъусэхэм, арщхьэкІэ балигъыпІэм нэмысу тхур емынэ узым ихьауэ щытащ. Бынунагъэушхуэм тегъэщІапІэу яІэр я адэ Мухьэжид и закъуэт. Апхуэдэ щытыкІэ хьэлъэм итт Тыкъуэхэ, Хэку заузшхуэм щыщІидзам щыгъуэ.

1942 гъэм и мэлыжьыхьым фронтым Іухьащ Мухьэжид, 115-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр шууей дивизм хэту. Накъыгъэм и пэщІэдзэм дивизэр Ростов и Іэшэлъашэм щыІэ Манычская станицэм щетІысэхащ, Іэщэфащэкіэ зэщІазэздэри, зауэм зэрыІухьэным хуэгъэхьэзырын щІадзащ. Къэбэрдей шууейхэм ящыгъут 110-нэ Къалмыкъ шууей дивизэри. Ахэр псори и унафэм щІэтт генерал-майор Погребовым.

ГуащІэдэкІ лэжьыгъэм ипсыхьауэ къэтэджа Мухьэжид зауэлІхэр зэрыхуа апхуэдэ щытыкІэ хьэлъэм щІахьу есащ, фочауэ Іэщіагъэми псынщІэу хуэІэжьжь хъуащ. Адыгэ щІалэр зыхэт дивизэм и къалэнт Тэн псым и ищхьэрэ Іуфэр яхъумэну, нэмыцэ зэрыпхъуакІуэхэр Сал губгъуэхэмрэ Кавказ Ищхьэрэмрэ намыгъэсыну. Арщхьэкіэ Гитлер и мурад нэхъыщхьэхэм ящыщт Кавказыр кьэщтэныр, сыту жьІІэмэ абы зыІэригъэхьэну щІэхъуэпсыр Азербайджаныр Шэшэнымрэ я щІыдагъэр, Къэбэрдей-Балъкъэрым и молибденыр, Осетием и цинкыр, Армением и дыжьыныр.

Бийр Кавказым пэгъунэгъу дыдэт. Зауэ гуащІэхэр щекІуэкІащ Мартыновкэ и деж. Нэмыцэдзэр советыдзэм къеФІэкІырт и техникэкІи зауэлІхэм я бжыгъэкІи. Апхуэдэу щытми, Тэн и Іуфэм щызэуа ди сэлэтхэр я псэ емыблэжу пэщІэуващ фашист зэрыпхъуакІуэхэм. Куэдым я гъащІэр щатащ абдеж, зыкъом зыбырыншэу кІуэдащ. Абыхэм яхэтащ Тыкъуэ Мухьэжиди...

Си адэшхуэм и кІуэдыкІа хъуам, абы и кхъащхьэр здэщыІэм теухуауэ дэзыри тщІакъым илъэс 72-кІэ. ТекІуэныгъэм и махуэхэм ирихьэлІэу си адэм куэдрэ кьрихьэжьэрт зэманым гъэжьыфэ ищІа тхыльымпІэ кІапэр. СССР-м ЗыхъумэжьныгъэмкІэ и Наркомым 1945 гъэм къыбгъэдэкІа а дэфтэрым итт красноармеец Тыкъуэ Мухьэжид Лыхьэд и къуэр хъыбарыншэу кІуэдахэм зэращыщыр. Арат дызыщыгъуэзэр си адэшхуэм теухуауэ.

Язныкъуэхэм деж хъыбар гуэркэр къэІурт, Мухьэжид гъэр ящІауэ икІи Украинэм щыІа фашист лъэхъуэщхэм ящыщ зым исауэ. Абы и гъусэу зэуауэ щыта Медалы Мусэ зэрыжиІэжьмкІэ, Мухьэжид зауэлІ хахуэу, псэемыблэжу, Іэщэм хуэІэкІуэлъакІуэу щытащ.

УФ-м Зыхъумэжьныгъэмкіэ и министерствэм Хэкур зыхъумахэм я цІэунэщІэкэр зэрыт электрон банкыр (ОБД Мемориал) къызэригъэпащэ нэужь, дэ къэтщІащ си адэшхуэм и Іэхухэр зэрыхъуар. КъэзэрыщІэкІамкІэ, Белянскэ лъагапІэхэм я Іэшэлъашэм щыІэ Багаевская станицэм щекІуэкІа зззазэхэм хахуэу хэтащ Мухьэжид. Ар зыхэт зауэлІ гупыр япэуват ебгъэрыкІуэныгъэр щІэзыдза бий лъэсыдзэмрэ танкэмрэ. Зи къарукІи бжьгъэкІи нэхъыбэ фашистхэм, дауи, ятпэщІэтыфакъым зауэлІ гупыр. Абдежым я псэр щызытахэм яхэтащ си адэшхуэ Тыкъуэ Мухьэжидрэ Альтуд къуажэм щыщ Хьэтэ Къэрэкъанрэ. Белянин къутырым щыпсэухэм ахэр щыщІалъхьащ абыхэм яхуэдэ совет танкист яклІахэм я къуэшыкхъэм.

Ростов областым щыІэ Белянин жылэм дэтщ метритху зи лъагагъ фэеплъ, сэлэтитІым я сурэт къыхэІуцІыкІа: зым ныпыр иІыгъыу щытщ, адрейр лъэгуажьэмыщхьу щытщ, лагъыбыр идзыну хьэзыру. Фэеплъым тетщ абдеж щыщІалъхьа зауэлІхэм я щІэунэщІэкэр. Абыхэм яхэтщ Тыкъуэ Мухьэжиди.

Си анэшхуэ Жанпагуэ 1985 гъэм дунейм ехьжащ, а псори къищІэну хунэмысу. И щхьэгъусэ лІыхъужьым хуэфащэщ абы ипІа бынитхур: щІалитІымрэ хъыджэбзищымрэ.

Мухьэжид и кІуэш нэхъыщІэ Жэмиди игъэунэхуащ, Хэку зауэшхуэм и мафІае илъэсхэм я гугъуехьэр. Зауэр щыщІидзам щыгъуэ, ар Крымым щыІэт, дзэм кьулыкъу щищІэу. Машинэзехуэ Іэзэм и зауэ гъэзэуанэм абдеж щыщІидзащ. Абы и машинэ шэрхъэр теуващ Центральнэ, Волховскэ, Ленинград, Украин, Прибалтикэ фронтхэм кІуэ гъэзэгуэм. Шофёру зауэм ЩІутныр нэхъ гугъу дыдэхэм ящыщт. Командованэ Нэхъыщхьэм и унафэм щІэт машинэзехуэхэр нобэ зы фронтым ядэшрт, пщэдей нэгъуэщІ щІыпІэмкІэ яунэтІын хуей хъурт.

Тыкъуэ Жэмид и унагъуэр. *1982 гъэ*

Апхуэдэт Жэмид и Іуэхури. ЯлпэщІыкІэ ар щыІэзауащ Москва и Іэшэлъашэхэм, бийр къыралым и щыхьэрым къыбгъэдэмыхьэфын папщІэ, зэуапІэм Іутхэм фочышэ, топышэ хуэдэхэр яхуришалІэу. 1942 гъэм и щІышылэм Жэмид Волховскэ фронтым ядзащ. Ладогэ гуэлым ирикІуэ «ГъащІэ гъуэгур» къызэІуахати, Ленинград блокадэм исхэм зыхуеину Іэмалыншэр хуашэрт Жэмид сымэ. «ГъащІэ гъуэгур» нэмыцэ кхъухьлъатэхэм я нэІэм щІэтти, лагъымхэр зэпыу имыІэу кърадзыхьырт. Мылыр къутэрт, машинэхэр щІилъафэрт, цІыхухэри ерыскъыхэри кІуэдырт... Ленинграддзэхэм я деж нэмысифэ куэд апхуэдэу къахэкІырт мылыр зи зекІуэпІэ хьэлъэзешэ машинэхэм. Зауэм и пІалъэр фІыуэ зыщІэ, абы ипэ дыдэм къыщыщІэдзауэ хэт Жэмид хупъэкІащ бий лагъымхэм и щхьэри и гъусэхэри ящихъумэн. Бийр къащхьэщыхьа нэужь, машинэбжьэхэр Іуихырти, апхуэдэут зэрыкъэр, мылыр пхаудмэ занщІэу машинэм къикІыфын хуэдэу. Апхуэдэ псэзэпылъхьэпІэ куэдым ихуащ си адэшхуэм и къуэшыр. ЛІыгъэрэ хахуагъэрэ хэлъу абы Ленинград ишэрт ерыскъыхэрэ щыгъын хуабэрэ, апхуэдэуи абы дас зауэлІхэр зыхуеину щэхэр. КъыщыкІуэжкІэ, абы и хьэлъэзешэ машинэм илът уІэгъэ хъуа зауэлІхэр, ист блокадэм къыхащ щІыхубзхэр, зи ныбжь хэкІуэтахэр, къэралым и къэкІуэнур зэлъыта хъугъуэфыгъуэшхуэ сабийхэр.

1942 гъэм и бжьыхьэм къыщыщІэдзауэ Жэмид яхэтащ Сталинград бийхэм ящызыхъумахэм. Фочауэ полкым хэту, абы щэ ятригъэпъалъэрт зэрыпхъуакІуэхэм. Сталинград деж бийр щызэтракъута нэужь, ТекІуэр ящІыгъуащ Ростов, Донбасс щыналъэхэр бийм кІуэлІащІэзэныжьа совет зауэлІхэм. ИужькІэ ар щызэуащ Прибалтикэ, Ленинград фронтхэм, хуит къищІыжащ Пруссиемрэ Польшэмрэ. Машинэ рулым ІутІысхьэу, абы къыгурыІуэрт ар иужьрей гъэзэуанэ хъункІэ зэрыхъынур, итІани лІыгъэрэ хахуагъэрэхэпъуапащэци щызыхуэтынщэу игъэзэщІащ пщэрылъ кьыхуащІхэр.

Хэку зауэшхуэм псэууэ къикІыжащ си адэшхуэм и къуэшыр. ЗауэлІ хахуэм и бгъэгум щылыдырт «Вагъуэ Плъыжь», «Хэку зауэ» орденхэр, «И зауэ зэфІэкІхэм папщІэ», «Москва зэрихъумам папщІэ», «Сталинград зэрихъумам папщІэ», «Германием дызэрытекІуам папщІэ» медалхэр.

Зауэ нэужьым ар щыпсэуащ Дахэпсынэ жылэм, хозяйствэр зэфІэгъуэвэжьыным и къару ирихьэлІэу. Дахэпсынэр Чёрная Речкэ къуажэм 1953 гъэм хагъэхьэжа нэужь, абы щыщІащ колхозым и парторгыр, МТФ-м, гъавэ хъумапІэм, щхьэлъэ я унафэщІу. Мызэ-мытІэу хахащ кьуажэ депутату. Унагъуэ дахи иухуат Жэмид. Абы къыщІэхъуащ икІи щІыху екІуу игъэсащ къуитху. И ныбжьыр илъэс 80 хъуауэ, 1987 гъэм ар дунейм ехьжащ.

Апхуэдэ гъащІэ купщІафІэ ирихьэкІащ си адэшхуэ Тыкъуэ Мухьэжидрэ абы и къуэш нэхъыщІэ Жэмидрэ. Ди къэкІуэнум, ТекІуэныгъэ Иным папщІэ зи гъащІи зи къаруи емыблэжа абыхэм я фэеплъыр я бынхэми абыхэм я къащІэхъуа щІэблэми сакъыу дохъумэ.

ТЫКЪУЭ Аслъэнбий.
Чёрная Речкэ къуажэ

★★★

Школым и пщІэр къеІэт

Хэкур хъумэжьынымрэ дуней псом захуагъэм зыщиубгъунымрэ щІэбэну ди щІыхьэм зэрахьа лІыхъужьыгъэм еджакІуэхэр нэхъ куууэ щыгъэзгъуэзэным, нобэрей мамырыгъэр я псэ емыблэжу кьытхуэзыхьа ди зауэлІхэм я пщІэр къэІэтыным гумызагъэу телажьэ егъэджакІуэхэм ф1ыщІэ лей яхуэфащэщ. Апхуэдэхэм ящыщщ Налшык дэт курыт школ №25-м 3-нэ «В» классым и унафэщІ ТишкІэ Оземэ.

ТЕКІУЭНЫГЪЭ Иныр илъэс 70 щрикъум ирихьэлІэу, Оземэ и гъэхъэзыращ планэпэ гъуэзэджэ. Школым и кІэлынДорым деж егъэджакІуэ жьыджэрым щигъэуващ езым ищІа МафІэ мыжьхьэмрэ ЩІыхь къэнэжа махуэхэр къэзыбж махуэгъэпсрэ. Зы еджакІуи блэкІыркъым, абы къызэтеувыІэу емыплъу, ар фІэмыгъэщІэгъуэну. А Іэхъу щхьэпэр кьызэгъэпэщыныжкІэ Оземэ дэІэпыкъуэгъу хуэхъуащ и лжьэгъуэхэу Мырзэ Светланэрэ Лазуткинэ Светланэрэ.

Апхуэдэ ІэхъуэгъэфІ куэд и щІыбагъ къыщІэлъщ ТишкІэм. КъищынэмыщІауэ, мазаем екІуэкІа «2015 гъэм и егъэджакІуэ нэхъыфІ» урысейпсо зэпеуэм 25-нэ школым къыбгъэдэкІыу хэтащ ТишкІэр. Ар ящыщщ зэхъэзэхуэм нэхъыфІу къыщалъытэ цІыхуитхум. Ар зыхэта уэзтІыныгъэм кьызэрыхэжаныкІам папщІэ Оземэ къыхуагъэфэщащ щыхъ тхьилъ.

ЕгъэджакІуэ жыджэрым дяпэкІи екъуІэнагъэ куэд иІэну ди гуапэщ. Щылажьэ Іэнатіэм и пщІэр нэхъри къэІэтыным хущІокъури, и мурадыфІхэр кьехъулІэну, дэрэжэгъуэ иІэу куэдрэ лэжьэну дохъухэху.

ЖЫЛОКЪУЭ Лусанэ.

● Фестиваль

Гъуазджэм и цІыхухэр Налшык щызэхуозэ

Дунейпсо Артийскэ комитетым и къудамэу ди щІынальэм щыІэм ТекІуэныгъэ Иныр ильэс 70 зэрырикъум и щІыхькІэ иджыблагъэ Налшык щыригъэкІуэкІащ «Налшык - насыпым и дамыгъэщ» етІуанэ дунейпсо фестиваль-зэпеуэр.

МАМЫРЫГЪЭР, лъэпкъхэм яку дэлъ зэныбжьыгъуэгъэ щагъэльапІэ, зэчиим хуащІ пщІэр щагъэлъагъэ махуэшхуэу екІуэкІащ фестивалыр. Абы хэту зэныбжьыгъуэгъэм и пшыхьхэр къызэрагъэпэщащ, «Кабардинка» къэрал къэфакІуэ академическэ ансамблым и художественнэ унафэщІ, УФ-м и Правительствэм и саугъэтым и лауреат Атэбий Игоррэ Кавказ Ищхъэрэм ГъуазджэхэмкІэ и къэрал институтым уэрэд жьІэныжкІэ и къудамэм и унафэщІ, Къэбэрдей-Балъкъэр, Ингушэ, Осетие Ищхъэрэ - Алание республикэхэм щІыхь зиІэ я артисткэ Даур Иринэрэ мастер-класс ятащ. Апхуэдэу фестивалым кърихьэлІахэм Урысейм и налкъуту къалъытэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэм и щІыпІэ дахэхэр ирагъэлъэгъуащ.

Зэпеуэм хэтащ къэфакІуэ гупу 35-рэ, уэрэджы1акІуэу 170-рэ, лъэпкъ макъамэ ІэмэпсымэхэмкІэ ансамбль 14, уэрэджы1акІуэ гупи 3. Ахэр кьикІащ Армением, Абхъазым, Куржым, Осетие Ищхъэрэ, Адыгэ, Дагъыстэн, Ингушэ, Къэрэшей-Шэрджэс, Шэшэн, Осетие Ищхъэрэ - Алание республикэхэм, Краснодар, Ставрополь крайхэм, Волгоград областым, Украинэм.

Фестивалым и къызэгъэпэщакІуэ гупым и тхьэмадэ, Дунейпсо Артийскэ Комитетым и вице-президент, Кавказым творчествэмкІэ и академием и унафэщІ, ЩІДАА-м, РАЕН-м я академик Бейтыгъуэн Іэуес зэхьухьэр щызэхуищІыжым къыхигъэщащ зэпеуэр зэрекІуэкІа махуищым Налшык Урысей Ипщэмрэ СНГ-м и къэралхэмрэ я щэнхабзэ щыхьэру зэрыщытар икІи жиІащ лъэпкъ къэс ябгъэдэлъ фІыгъуэм ахэр зэрызэкъуигъэувам мыхьэнэшхуэ зэриІэр.

Налшык къаалэ администрацэм и Іэтащхьэм къыбгъэдэкІыу хьэщІэхэм псалъэ гуапэкІэ зыхуагъэзащ икІи щІыхь тхыльхэр иратащ щэнхабзэмкІэ, физическэ щэнхабзэмкІэ, спортымрэ щІалэгъуалэ политикэмкІэ департаментхэм я унафэщІхэу ТокъуиЙ Мадинэрэ Бузд Бесльэнрэ. ЗэІущІэр къызэзыгъэпэщахэм абыхэм фІыщІэ хуащІащ апхуэдэ щэнхабзэ зэхьыхьэшхуэ Налшык зэрыщрагъэкІуэкІам папщІэ.

Зэпеуэм хэта гупхэм къабгъэдэкІыу ар къызэзыгъэпэщахэм фІыщІу хуащІу къэпсэлъащ Волгоград къикІа Камышевэ Ларисэ, Осетие Ищхъэрэ - Аланием гъуазджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ Тедеев Руслан, Адыгэ Республикэм щІыхь зиІэ и артист Мэзан Сыхьэтбий, Ставрополь крайм щыщ Мэкишевэ Светланэ сымэ.

Фестиваль-зэпеуэр зэхуащІыжащ «Налшык» курортым щэнхабзэмкІэ и уардэунэм щекІуэкІа концертышхуэкІэ.

ТХЬЭХУЩЫНЭ Ланэ.

● Ди щІалэхэр

Амщокъуэ Амырхъан и къафэ

«Первый» каналым иригъэкІуэкІ «Танцуй» зэхьэзэхуэм дунейм и щІыпІэ куэдым къикІа къэфакІуэхэм я зэфІэкІ щагъэлъагъуэ. И насып къихьри, абы хэтащ КъБКъМУ-м и «Агробизнес и землеустройство» факультетым и 5-нэ курсым щеджэ Амщокъуэ Амырхъан.

ЩІАЛЭР жыджэру мэльыхъуэ игу нэхъ дыхьэну къафэ лІэужьыгъуэм. Республикэм щекІуэкІ пшыхьэм хип-хоп щигъэзащІэу тлъагъуу щытами, абы иджы кьыхихащ лъэпкъ къафэхэр.

Зи гугъу тщІа зэхьэзэхуэм и финал нькъуэм Амырхъан кІуэцІрыкІащ, цІыху 300-м щыщу къыхаха къэфакІуи 100-м ящыщ зыуэ.

«Зэпеуэм и къэпщытакІуэхэр тклИт, ауэ захуэт. Финал нькъуэм япэу зыкъзэзыгъэпэщауэ цІыхуитІщым ящыщу тІут пхрыкІар. А псом нэхьри дыкъызэщІигъаплъэрт. ЗгъэзэщІар «Лъапэрисэм» сэ езым кьытесщІыкІыжа къафэщ. Концертым сызэрыхэта фащэр кІэстум зэфІэтрэ си адэшхуэм и шляпэшхуэмрэт. Арати, зэпеуэм си гъусэу хэт къэфакІуэхэр яфІэгъэщІэгъуэну кьызэупщІырт, Джексон Майкл и зы къафэ гуэр згъэзэщІэн я гугъэу. ДакъикьитІкІэ сыкъамыгъэувыІэу кьызэплъащ къэпщытакІуэхэр икІи абыхэм псоми Іэ схуаІэтащ. Къэфэн сыуха нэужь, си щыуагъэхэм гу лъызагъэтэжащ», - жеІэ Амырхъан.

Амырхъан зэпеуэм и кьыкІэпльыкІуэ Іыхьэм кІуэцІрыкІакъым, ауэ дыщогугъ дяпэкІэ екъулІэныгъэхэр иІэну.

БАГЪЭТЫР Луиз.

● Зэпеуэ

ІэщІагъэм дехьэх

Иужьрей ильэсхэм гулыт-тэ хэха хуащІ хъуащ курыт еджапІэр къэзыух ныбжьыщІэхэм Іэщ1агъэ зэмылІэужьыгъуэхэр егъэгъуэтыным.

ИДЖЫБЛАГЪЭ екІуэкІащ автомеханик Іэщ1агъэм хуеджэ студентхэм я олимпиадэ. Абы бжьыпэр щиубыдащ Автогъэзэгу колледжым щеджэ, зи ныбжьыр ильэс 19 ирикъуа Корецкий Виталий. Текіуам и егъэджакІуэ Мэршэнкъул Атмир щыгъуазэ дызэрищІамкІэ, щІалэ Іэпщ1эльапщІэр Май щІыналъэм хиубыдэ Александровскэ жы-лагъуэм щыщщ. КолледжымкъыщІэтІысхьэн и пэкІи автомеханик Іэщ1агъэм дихьэхыу зэрыщытар нэрылъагъуу, машинэр зэрызэпкърыпІ пкъыгъуэхэм фІыуэ хещІыкІ, езым и Іуэху бгъэдыхьэкІэ хьэлэмэтхэр иІэжщ. Олимпиадэм зэрыщытекІуар иджыри зэ щыхьэт тохъуэ абы Іэщ1агъэлІ нэс къызэрыхэкІынум.

Корецкий Виталий ди республикэм и цІэкІэ хэтынущ автомеханикэм я урысейпсо олимпиадэу накъыгъэм Тамбов къаалэм щекІуэкІынум.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Фэеплъ

«Сешащ» псалъэр ищІэртэкъым

Хьэлъэщ цІыхум блэкІа зэманым иту утепсэлъыхьыныр, ауэ ар уигу къэкІыжрэ уи Іупэхэр пфІыз3тэжмэ, хуэфащэщ псалъэ гуапэхэри хужьпІэныр.

ДУНЕЙР зыфІэдахэ Къуэтепыхьэ Мурат езыри цІыху дахэт. Зэрыдахэр и теплъэм и закъуэтэкъым, атІэ и дуней тетыкІэри гъэщІагъэуэнт, уэрхъуэпсэнт. Унагъуэ, ныбжьэгъу, лэжьапІэ, топджэгу - а Іуэхугъуиплім пхуэхдэну хъунтэкъым ар. Дауи, и унагъуэр зыпищІын щыІэтэкъым, ауэ адрейхэми апхуэдизкІэ яхуэнэхъуеиншэти, псоми ягъэщІагъуэрт ар дэнэкІи зэрынэсыр, и гуащІэ зэрыхурикъур. «Сешащ» псалъэр абы кьыжьэдэкІуэу зыми зэхихакъым. Махуэм унагъуэ Іуэхур къызыхуэтынщэу зэфІигъэкІрэ топ джэгуну дэжу, абы кьикІыжмэ, и адэм Іэщ гъэшхэныр кьыІэмыигъэсу, яхьыхэрэ зыхуэй хуигъаззу, ари зэфІигъэкІрэ сабийхэм, кьыдалъхуахэм, анэм яжриІэн псалъэ гуапэхэри кьигъуэту гъащІэм и Іофыпіэм хэтт.

Мурат топ джэгуну куэдрэ кІуэн хуей хуэт хьурт Налшык. Сыт хуэдизу емышами, мыгувами, кьалэм дэс и шыпхъум деж Іухьэу абыи сабийхэми я Іуэху зытетыр зримыгъэщІауэ къуажэм зэи ар кІуэжьртэкъым. Абыхэм ар телефонкІи ящІэупщІэфынут, ауэ зэ яхэплъэмэ, и гур нэхъ загъэрт.

Мурат топджэгум япэ лъэбакъуэхэр щезыгъэчар Прохладнэ щІыналъэм и спортшколым и гъэсакІуэ ПщыукІырщ. А лъэхъэнэм Совет Союзым и кьалэ куэдым щрагъэкІуэкІ зэхьэзэхуэхэм щыджэгуат Мурат. И джэгукІэм гу кьыльатэри, ди республикэм и ныбжьыщІэхэм футболымкІэ я командэ кьыхэхам ирагъэблагъащ. Зэхьэзэхуэхэм джэгуакІуэ нэхъыфІ дыдэу куэдрэ кьыщалъытащ. ЕджапІэр кьиуха нэужь, ар ирагъэблагъэуэ «Нарт», «Кавказкабель», «Ангушт» футбол гупхэм.

Университетыр кьиухыу лэжьапІэ ува нэужь, абы топ джэгуныр тІэкІу нэхъ игъэкІэщхъэн хуей хъуащ, ауэ ар и лъым, и псэм апхуэдизкІэ хэтти, лъэныкъуэ хуегъэзэнутэкъым. Абы кьыхэкІки, ильэс зыбжанэкІэ щыджэгуащ Бахьсэн и «Автозапчасть», «Эталон» командхэм икІи сытым деж абы кьыхуагъэфащэрт зыхэт командэм и капитану щытыныр. Иужь ильэсхэм «Энергетик» командэм хэту Прохладнэ щІыналъэм щыджэгуащ.

Мурат езыр офицерт, и лэжьапІэр фІы дыдэу ильагъурт, иригушхуэрт и фащэм. Ар зэи хэтакъым зыгуэрым и кьуагъ кьуэтыну. Сыт хуэдэ Іуэху хэмыхуами, абы зрипщытынут икІи щхьэ бжьгъэу хэтауэ мыхъуу, Іэмал имыІэу и цІэ фІыкІэ кьраІуэнут. Апхуэдэут ар УФСИН -м иригъэкІуэкІа «Виват, офицеры!» зэпеуэм зэрыхэтар. Дауи, мыпхуэдэ къэрал зэпеуэм хэтыну зыхуагъэфащэр нэхъыфІэрат. Іыхьишу зэхэт зэпеуэм Мурат щІалэ ахъырэмэну зыкъыщигъэлъэгуат: нэщанэ еуэн, пкъыр щІэІэтэн, псым есын - ахэр щІалэ узынішэм сыту кьыщыхъунт? Псоми ящхьэдэжащ. Зэпеуэм и кьыкІэпльыкІуэ Іыхьэр зытеуэуар офицерхэм Урысей Федерацэм и къэрал хабзэхэр зэращІэр кьахэутэну арати, Къуэтепыхьэ Мурат абдежми кьыщигъэлъэгъуащ и гупсысэр и гуащІэм къызэрыкІэрымыхур. Ещанэ Іыхьэу зэпеуэм хэтхэм лъэпкъ фащэ ящыгъуу щхьэж зыщыщ лъэпкъ хабзэр зэращІэхэр кьагъэнэлъэн хуейти, Къэрэгъэш кьуажэм зи цІэр фІыкІэ дэлъ, адыгэлІ дыдэщ жьхуаІэ Къуэтепыхьэ Мухьэмэд игъэсэ щІалэр аргуэру зы щхьэкІэ адрейхэм нэхъри нэхъ лъагэт. Зэхьэзэхуэм япэ увыпІэ кьыщыхуагъэфащэри, адыгэ щІалэм Урысейпсо зэпеуэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІэкІэ хэтыну зигъэхьэзэыру щІидзат. Ауэ...

Зи быным тегужьеикІа щІалэм ар сымаджэу, хущхъуэ имыІэу мыхъуну кьыщыжраІэм, жэщу гъэзгум техьащ, ауэ кьигъэзэжакъым. Мурат зыщІыхуу щыта псомэ я дежкІэ ар гуауэшхуэт. Дауи, унагъуэм и гугъу сщІакъым, абыхэм а зы щІалэр, лъэпкъым и кьупщхьэу зыщыгугъар, яфІэкІуэдыныр пхузэгъэщхьын бгъуэтынукъым. И кьуэ закъуэм и кІуэдыкІар Мухьэмэд и псэм фбжьу тридзэри, жьэкІэ хужьмыІэр кІуэцІкІэ игъэвурэ, уз базджэ кьыпкърыхьам ари кІэщІу ихьащ.

Макъуэ ильэсхэр. Мурат и джэгукІэр зыфІэгъэщІэгъуэну, абы топ диГьэкІа нэужь, гуфІэу щыта цІыкІэхэм, иджы езыхэм Къэрэгъэш кьуажэбгъум топ кьыщрахуэкІ. Хэт ищІэрэ, а щІалэ кьуданым и джэгукІар зыгуэрэми ягу кьэкІыжу кьыщІэкІынщ. Ауэ щыІэщ а щІалэри, ар апхуэдэу щыпкъэу зыгъэса адэри зигу имыкІыжын, зи псэм пхуэхмычын.

Къуэтепыхьэ Мурат зыщымыгъупщахэм къабгъэдэкІыу.

● Дифі догъэлъапІэ

ФИЭПЩЭ Маринэ: Анэдэлъхубзэр зыпэсщІын щыІэкъым

«Егъэджакіуэм и пщІэмрэ и щІыхьымрэ абы иригъэджахэм я деж щыхиса жылэм къокІыкІ», - псалъэ пэжхэр жиІауэ щыгъ-тащ Менделеев Дмитрий.

ЗЫ ЦІЫХУ цІэрыІуи щыІэу къыщІэкІынкъым и щІыбагъым егъэджакІуэфІ къыдэмыту. «Акъылыр жьакІэм ежьэркъым», - жеІэ адыгэм. Апхуэдэщ егъэджакІуэм и Іуэхур: егъэджакІуэфІыр жьыгъэщІагъэкІэ зэхидзыркъым, ар цІыхум и Іэщ1агъэр фІыуэ зэриІагъуэм, абы зэрыхуэпэжым елъытауэ аращ.

И ныбжьым хуумыгъэфэщэну егъэджакІуэфІу къыщІэкІащ Тэрч къалэ дэт курыт еджапІэ №1-м и адыгэбзэмрэ литературэмкІэ щезыгъаджэ **ФИІэпщэ Маринэ**.

КъБКъУ-м адыгэбзэмрэ литературэмрэ и къудамэр 2005 гъэм къиухауэ Маринэ щеджа школым щолажьэ. ИлъэсипщІым нэблэгъауэ адыгэбзэкІэ езыгъаджэ пщащэ Іэдэбым кьыхиха Іэщ1агъэм и гуурри и цІынэри игъэунэхуащ, ауэ щыхъукІи, езым зэрыжиІэмкІэ, сабийхэми и Іэщ1агъэми защимыгъэнщІу мэлажьэ.

«Сызэрыщыкіуэр си анэдэлъхубзэр зыпэсщІын щымыІэу, ар адрей псоми япэ изгъащІу, бзэм и щхьэ нэхъыбэ къэсотІэщІмэ сфІэгъэщІэгъуэну сыкъогъуэгурыкІуэ. Си дежкІэ насыпышхуэт адыгэбзэмкІэ къудамэм сыщыщІэтІысхьар. А Іэщ1агъэр къыхэсхыным сытезыгъэгушхуар адыгэбзэмкІэ щколым сыщезыгъаджа Едгъул Джульеттэщ. Ар си дежкІэ щапхэт.

- ЦІыкІухэм адыгэбзэр фІыуэ ямылъагъумэ зи лажьэр дэращ, дэ ди лэжьыгъэр и кІэм нэсу тхуэмыгъэзащІэу аращи, щхьэусыгъуэр къыщыпльыпльуапхъэр ди дежщ. Ауэ, сэ гу зэрыльыстэмкІэ, ди щІалэгъуалэр адыгэбзэм нэхъ дихьэхыу, абы хуаІэ лъагъуныгъэр нэхъ бзэгъуауэ къысщохьу. Псалъэм папщІэ, щІалэщІэ куэд щыІэкъым адыгэбзэ къудамэр зыкъуныу щІэхъуэпсу, сэ езгъаджэхэм апхуэдэ зыбжанэ яхэтщи, сыщогугъфІыкІ-, - кьыддогуашэ Маринэ.

ФИІэпщэ Маринэ и лэжьакІэм папщІэ щІыхь, фІыщІэ тхьилъ зыбжанэ кьыхуагъэфащащ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм ейри хэту. Абы и гъэсэнхэм я щІэр зэпеуэ зэхуэмыдэхэм кьыщыхэщащи, хуабжу щогугфІыкІ.

Пщащэм дызэрыщигъэгъуэзамкІэ, абы и щІэныгъэм адэкІи хигъахъуэну щІохъуэпсри, и мурад дахэр кьеХулІэну дыхуейщ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

Мэлыжьыхьым и 3-5-хэм Есэнтіыгу къалэм щекІуэкІащ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІыналъэм и зэхьэзэхуэ тхэквондомкІэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым икІауэ зэпеуэм хэтащ икІи жыджэру зыкъыщыгъэлъэгъуащ Бэлахъуэ Елдар и гъэсэн цІыкІухэм. Абыхэм ящыщу 9-м дыщэ медалхэр къыхуагъэфэщащ, дыжьыныр 3-м, жэзыр тІум ялъысащ.

Бэлахъуэ Елдар яхэтщ игъасэ сабийхэм.

● ФІыщІэ

ЩІэблэ узыншэ тхуегъасэ

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ пашэныгъэр щаубыдащ КІуэкІуэ Инал, ЩІэрдан Алим, Мэремкъул Артур, Лобанов Максим, Сэхъурокъуэ Ратмир, Кьалэжьокъуэ Азэмэт, Исакъ Амиран, Шал Кьазбэч, ПІаз Каринэ сымэ. ЕтІуанэ увыпІэр хуагъэфэщащ Дыкъ Алим, Кьэбэрдокъуэ Елдар, Хьэтщыкъуэ Ислъам сымэ. Ещанэ хьуащ ДыщэкІ Астемыррэ Битокъуэ Кьантемыррэ.

ЦІыкІухэм кьагъэлъэгъуа я зэфІэкІыр, дауи, зи фІыгъэр абыхэм я тренер Бэлахъуэ Елдарщ. Ар гъэсакІуэ кьудейкъым, атІэ икІи психолог Іэзэщ. Ину фІыщІэ худощІ а щІалэм шыІэныгъэ хэлъу, и кьарум емыблэжу дэтхэнэ зы сабийми и екъулІэныгъэм зэрытелажьэм папщІэ. Апхуэдэ цІыху зэпІэзэрыт зыгъэса и адэанэм фІыщІэ яхуэфащэщ.

Узынщагъэ быдэ бгъэдэлъу, и лэжьыгъэкІи и гъащІэкІи екъулІэныгъэ куэд иІэну Елдар дохъуэхъу. ПщІэкъым и напэр зыхъумэфын, хэкум и пщІэр зыІэтыфын щІэблэ тхуигъасэу Тхьэм куэдрэ игъэпсэу!

Бэлахъуэ Елдар и гъэсэнхэм я адэ-анэхэр.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

Жыласа Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкІэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Кьардэн Маритэ, Нэщ1эпыджэ Замирэ, Хьэжыкьарэ Алик, Щ1хьэщэмыщІ Иэз.**

Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КьудзэшгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхухэмкІэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлэжьэныкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдэзэкІаІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ1апІэм -42-26-41; суръэтехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьгъэхэм, къыщІэта Іуэхутъуэхэм я пэжагъымкІэ аэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхьым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуаущэгъуэм и 14-м Печатым и хутыныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм №Н-0065-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къанщокъуэ Эльэ, редактору Чэрим Марианнэ, корректорхэу Щ1ощ1эн Заирэ *(1, 2-нэ нап.)*, **Мырзэкъан ФатІимэ** *(3, 4-нэ нап.)*. Компьютерк1э газетым и тепльэр ящІащ Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэлбэчэ Анжелэ, *суръэтхэм елэжьар* Бицу Жаннэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 4.248 ● Заказ №635